

ЛIыхъужьым и зауэ гъуэгур

2-нэ нап.

ГъащIэ кIыхьым и къежьапIэр

3-нэ нап.

Адыгэбзэр фIыуэ зылъагъу щIыкIухэр

4-нэ нап.

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

2-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№34 (24.784) • 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 20, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

ЗэхэщIыкI куу зыбгъэдэлъщ хэкупсэхэр

Ди республикэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Урысей Федерацэм и Президентым Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ полномочнэ лIыкIуэ Чайкэ Юрий. ХьэщIэ лъапIэр хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Ахэр тепсэлъыхьащ ди щIыналъэм щыщыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэм, социально-экономикэ зыужьыныгъэм.

ПОЛНОМОЧНЭ лIыкIуэр **КIуэкIуэ Казбек** зэпкърыхауэ щыгъуазэ хуищIащ зи пашэ республикэр мы зэманым зэрыт щытыкIэм. Къапщтэмэ, 2025 гъэм ди щIыналъэм щолажьэ лъэпкъ проекту 12. Ахэр гъэзэщIэным псори зэгъусэу хухахащ сом меларди 9,2-рэ. А мылъкум щыщу меларди 6,8-р федеральнэ бюджетым къыхэкIащ.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыхилъхьа лъэпкъ проектыщIэхэм япкъ иткIэ, 2025 гъэм я мурадщ километр 40 зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгухэр зэрагъэпэщыжыну, жылагъуэ мыхьэнэ зиIэ щIыпIэу 38-рэ зэпэщ ящIыну. Псы къабзэ, къагъэсэбэпа псы зэрыкIуэ бжьамийхэу километр 15 зи кIыхьагъым щекIуэкIынущ ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр. Сабий гъэсапIэщIэу 4 яухуэнущ, 2-р зэрагъэпэщыжынущ. КъинэмыщIауэ, курыт еджапIэ 15-м я унэхэр нэсу зыхуей хуагъэзэнущ, школыщIэу 10 ящIынущ. Апхуэдэу щIыпIэхэм щаухуэнущ дохутыр амбулаторэу 8, зэрагъэпэщыжынущ сымаджэщхэм я поликлиникэ къудамэу 8, къащэхунущ медицинэ техникэ лъэщрэ Iэмэпсымэ лъапIэу 23-рэ.

Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ ин хуищIащ **Чайкэ Юрий**, Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуам, апхуэдэуи щIыналъэм и цIыхухэр зыгъэпIейтей, абыхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ социальнэ Iуэхухэр тэрэзу зэфIэхыным гулъытэшхуэ дапщэщи зэрыхуищIым папщIэ.

А махуэ дыдэм Чайкэ Юрий КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и гъусэу щыIащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм. Ар абы щахуэзащ СВО-м хэт зауэлIхэм, волонтерхэм, фондым и IэщIагъэлIхэм. Iэнатlэр зэрылажьэм къанэ щымыIэу щыгъуазэ зыхуищIащ. Фондым и унафэщI Дадэ МуIэед хьэщIэ лъапIэм иригъэлъэгъуащ лэжьыгъэр щызэфIах пэшхэм я къызэгъэпэщыкIэр, зыкъыхуэзыгъазэ зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ нэхъыбэу зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэри сэтей къищIащ. Абыхэм ящыщщ уIэгъэ хъуауэ щыта зауэлIхэм я узыншагъэр санаторэхэм, курортхэм щызэтегъэувэжыным, социальнэу ядэIэпыкъуным, коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я пщIэр ятынымкIэ защIэгъэкъуэным, медицинэ, юрист, нэгъуэщI Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэным ехьэлIахэр. ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, дызэрыт мазэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу апхуэдэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ фондым зэрызыкъыхуагъэза дэфтэрхэм я бжыгъэр мин 20,5-м щIегъу. Абыхэм ящыщу Iуэху мин 20,3-р зэфIахащ. Адрейхэри зэфIэгъэкIыным набдзэгубдзаплъэу йолэжь фондым и IэщIагъэлIхэр.

СВО-м хэтхэмрэ абы и ветеранхэмрэ щепсэлъылIэм, Чайкэ Юрий къытеувыIащ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъумрэ ятеухуа Iуэхугъуэхэр УФ-м зэрыщекIуэкIыну щIыкIэхэм. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ УФ-м и Президент Путин а унэтIыныгъэхэм ятещIыхьа къалэн зыбжанэ иджыблагъэ къызэригъэнэIуар, «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и IэщIагъэлIхэм ар яхуэза нэужь.

- Къэрал унафэщIым зэфIэхыпхъэу игъэбелджыла Iуэхугъуэхэм хохьэ ди зауэлIхэми абыхэм я унагъуэхэм исхэми сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуныр. Къапщтэмэ, мэлыжьыхьым и 7-м ирихьэлIэу хэплъакIэу, зэхуэхьэсыжауэ икIи нэхъыфIхэр къыхэхауэ зэхэлъхьауэ щытын хуейщ апхуэдэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэм и мардэхэр зэрыт дэфтэр щхьэхуэр, - жиIащ Чайкэ Юрий. – Къэрал унафэщIхэм, щIыналъэхэм унафэр щызезыгъакIуэ IэнатIэхэм, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым а унэтIыныгъэхэмкIэ зэфIагъэкI лэжьыгъэхэр зэуIу, зэрыщIэ хъуным хуэгъэпсауэ гъатхэпэм и 10-м къызэрагъэпэщащ СВО-м хэтхэм, абы и ветеранхэм, зауэ IэнатIэ Iутхэм, абыхэм я унагъуэхэм исхэм ядэIэпыкъунымкIэ Къэрал Советым и комиссэ щхьэхуэ.

Ди республикэм лэжьыгъэ куэд щызэфIах СВО-м хэтхэм, абы и ветеранхэм, я унагъуэхэм исхэм лъэныкъуэ куэдкIэ защIэгъэкъуэным хуэгъэпсауэ. Апхуэдэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ жылагъуэ лэжьакIуэхэр, волонтерхэр, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр. Ахэр зауэ IэнатIэм Iутхэм ядоIэпыкъу ерыскъыпхъэкIэ, хьэпшып зэхуэмыдэхэмкIэ, н.къ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэми гулъытэшхуэ хуащI СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я ветеранхэмрэ ядэIэпыкъуным. А лэжьыгъэхэм дяпэкIи пащэнущ.

- Зауэ IэнатIэ мытыншым нобэ Iут щIалэхэм апхуэдэу зи нэIэ ятезыгъэтхэм фIыщIэ ин яхузощI, - къыхигъэщащ Чайкэ Юрий. – Фи фIэщ фщIы, дэтхэнэ гулъытэ гуапэми абыхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ахэр псори хуолажьэ ди ТекIуэныгъэр нэхъ щIэхыу зыIэрыдгъэхьэным.

Къэрал къулыкъущIэ лъагэм и пащхьэм я пэхуэщIэхэр щагъэлъэгъуащ «Зы лъэбакъуэкIи дыкъимыкIуэту» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Байсиев Темыржан**, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым Аруан щIыналъэм щиIэ къудамэм и лэжьыгъэр социальнэ и лъэныкъуэкIэ зэзыгъэуIу **Хьалил Аслъэн**, КъБР-м и Парламентым и депутат, дзэ къулыкъум къыпэрыкIыжа пенсионер **Шевчук Герман**, СВО-м и волонтерхэм я зэгухьэныгъэм и вице-президент **Сурковэ Екатеринэ**, «Бгырыс» Нальчикшвейпром»-м дэрбзэр фабрикэм и унафэщI, волонтер цIэрыIуэ **Абазэ Хьэжмурат** сымэ.

ЗэхэщIыкI куу зыбгъэдэлъ хэкупсэхэм, СВО-м хэтхэм жыджэру защIэзыгъакъуэхэм Чайкэ Юрий яритащ УФ-м и Президентым Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щиIэ полномочнэ лIыкIуэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

ЛъэныкъуитIми я сэбэп хэлъу

Беларусь Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ зэдэлэжьэным пыщIа Iуэхухэр зэкIэлъызыгъакIуэ гупым и зэIущIэ видеозэпыщIэныгъэ Iэмалым тету зэхэтащ. Ар ирагъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Беларусым хъыбарегъащIэ IэнатIэмкIэ и министр Марков Маратрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Говоров Сергей**, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**, республикэ правительствэм хэтхэр, видеозэпыщIэныгъэ IэмалкIэ - УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэу Минеральные Воды къалэм щыIэ **Нюппэ Сергей**, Беларусым и посольствэу Урысейм щыIэм Краснодар къалэм щиIэ къудамэм и унафэщI **Щеглов Игорь**, апхуэдэуи БР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм, Iуэхур зэхьэлIа IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр.

«Беларусь Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ зэкъуэзыгъэувэр илъэс куэд хъуауэ къадекIуэкI зэныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэхэм, зыр адрейм дэIэпыкъуну сыт щыгъуи зэрыхьэзырым я закъуэкъым, атIэ пIалъэ кIыхьым тещIыхьа экономикэ зэпыщIэныгъэхэри дяку дэлъщ. ТхузэфIэкIахэм дыщриплъэжкIэ, нэхъри наIуэ мэхъу щIыналъэхэр зэрызэдэлажьэм лъэныкъуитI зэпыщIэныгъэхэр нэхъри зэригъэбыдэр, сатуу зэдэтщIым хэдгъэхъуэнымкIи IэмалыфIхэр къызэрыдитыр», - къыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэIущIэм щыхэплъэжащ Беларусь Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ 2024 – 2026 гъэхэм зэрызэдэлэжьэнум теухуауэ нэхъ пасэу зэращIылIауэ щыта зэгурыIуэныгъэр зэрагъэзащIэм кърикIуахэм.

ЩIыналъэхэм сатууэ зэдащIыр 2020 гъэ лъандэрэ хуэдищым нэблагъэкIэ нэхъыбэ хъуащ. Апхуэдэу, а пIалъэ дыдэм къриубыдэу ди республикэм а щIыналъэм иригъашэм хуэдиплIым щIигъукIэ, абы и деж къыщищэхум хуэди 2,3-кIэ хэхъуащ. 2024 гъэм и гъэмахуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуа белорус туристхэм я бжыгъэри хуэдитIым щIигъукIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым зыщыгъэпсэхуахэм елъытауэ.

Жыджэру щызэпыщIащ жылэ гъэкIын, мэкъумэшхэкIхэм елэжьын IэнатIэхэм. Республикэм и промышленнэ IуэхущIапIэхэм Белорусым хурагъашэ налмэс Iэмэпсымэхэр, кабелхэр, тхылъымпIэ Iувыр, регуляторхэр, транзисторхэр, нэгъуэщI куэди. Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэхэм я деж щIэупщIэшхуэ щаIэщ белорус техникэм, Iэмэпсымэхэм. Iэмал къызэрымыкIуэхэр щыщыIэ хъуащ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ, унагъуэхэм зэгъусэу зыщагъэпсэху, туризм IэнатIэхэм. Беларусь Республикэм къикIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэм къакIуэхэм я бжыгъэми хэхъуащ.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ, Урысейм и Президент Путин Владимир къэрал зэхуаку сату зэпыщIэныгъэхэр гъэбыдэным, экспортым хэгъэхъуэным хуэунэтIауэ къигъэува къалэнхэр ягъэзащIэкIэрэ, Беларусь Республикэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я сату-промышленнэ палатэхэр адэкIи зэдэлэжьэну зэрамурадыр. Абы я лэжьэгъу белорусхэм фIыщIэ яхуищIащ лъэныкъуитIми я фейдэ хэлъу экономикэм щызэдэлэжьэным, зэгъусэу ягъэзэщIэну планхэм зегъэужьыным жэрдэм яхэлъу зэрыбгъэдыхьэм папщIэ.

КIуэкIуэ Казбек апхуэдэуи къыхигъэбелджылыкIащ Урысеймрэ Беларусымрэ Хэку зауэшхуэм къыщахьа я зэхуэдэ ТекIуэныгъэр илъэс 80 зэрырикъур щагъэлъапIэ илъэсым къэралитIыр нэхъри гъунэгъу зэхуищIыну къызэрилъытэр икIи фашизмэм щебэным лъэпкъ куэду зэхэт ди цIыхубэм къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм теухуа тхыдэр хъумэным зэщIыгъуу ирагъэкIуэкIыну фэеплъ дауэдапщэхэр зэрыхуэщхьэпэнур.

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъумрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ —

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъумрэ Кърымыр Урысейм щыгухьэжа махуэмрэ я щIыхькIэ, гъатхэпэм и 18-м Налшык дэт «Дзэ щIыхьым и къалэ» стелэм деж щекIуэкIащ «Эстафета памяти» зэхыхьэр.

АР ХАБЗЭ дахэ хъуауэ ирагъэкIуэкI, ди адэжьхэм, ТекIуэныгъэ Иным зи гуащIэрэ зи псэрэ хэзылъхьахэм я лIыгъэм пщIэ хуащIу.

ИкъукIэ узыгъэгушхуэт «Эстафета памяти» Iуэхур Кърымыр Урысейм щыгухьэжа махуэм зэрырагъэжьар. Илъэс 11 ипэ, 2014 гъэм гъатхэпэм и 18-м, Къырым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ Урысей Федерацэм къыгухьэжащ икIи а махуэр хъуащ цIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и нэщэнэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Къырымымрэ Севастополрэ щыпсэухэм ехъуэхъуащ Урысейм къызэрыгуэхьэжам папщIэ. Абы и тхыгъэм къыщыхигъэщащ: «Нобэ догъэлъапIэ Кърымымрэ Севастополрэ Урысейм къыщыгухьэжа махуэр. Ар ди тхыдэм и лъэхъэнэщIэу жыпIэ хъунущ. Дэ лъэпкъ куэду зэхэс къэралыгъуэшхуэм зы унагъуэу дыщызэдопсэу. Урысей Федерацэр сыт щыгъуи хуэдэу зэкъуэтщ, икIи ди пашэ Путин Владимир и гъусэу, къэкIуэну дахэм - къыдэбий къэралхэм я залым здэщымыIэм - дыхуокIуэ. Ди цIыхубэр, щIэблэр шынагъуэншэу, зэIузэпэщу псэун папщIэщ ди щIалэхэм Iэщэр яIэщIэлъу, я пси емыблэжу дзэ Iуэху хэхам щIыщыIэр. Адрей щIыналъэхэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым и Iэтащхьэм и унафэр диIыгъащ Кърымрэ Севастополрэ хъумэным, иужькIэ Донбассыр фашизмэм къыIэщIэхыжыным теухуауэ. Политикэ, экономикэ ухуэкIэр хабзэм тету, къэралхэмрэ абыхэм щыпсэу лъэпкъхэмрэ я щхьэхуитыныгъэм пщIэ хуащIу зэтеублэным ар щIэдзапIэ хуэхъуащ. МахуэшхуэмкIэ Къырымымрэ Севастополрэ щыпсэухэм си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу. Шэч къытесхьэркъым ТекIуэныгъэр къызэрытхьынум!».

Зэкъуэтыныгъэм и нэщэнэ

Налшык къыщызэрагъэпэща Iуэхум хэтащ республикэ унафэщIхэр, дзэ Iуэху хэхам, «ТекIуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм, Налшык къалэм и курыт еджапIэхэм я юнармие гупхэм хэтхэр, кадетхэр, колледжхэм щеджэхэр, нэгъуэщIхэри. Зэхуэсым къызэрыщыхагъэщамкIэ, «Эстафета памяти» Iуэхур республикэм и район псоми щекIуэкIынущ, ТекIуэныгъэ Иным и дамыгъэу, метр 80 зи кIыхьагъ Георгий щихъым и лентIыр зытет чэтэныр къалэхэмрэ къуажэхэмрэ накъыгъэм и 5 пщIондэ зыщрагъэубгъун.

Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и унафэщI **Абдуллаев Мустэфа** къызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ Георгий и лентIым и тхыдэм. Абы щIалэгъуалэр къыхуриджащ Хэкум и блэкIар яджыну, ди щхьэхуитыныгъэм зи гъащIэр щIэзыта лIыхъужьхэм я фэеплъым пщIэ хуащIыну. «Ди къэралым къыпэщIэувахэм я мурадщ лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъу ди тхыдэшхуэр, ЕтIуанэ дунейпсо зауэр зэрекIуэкIар зэрахъуэкIыну, ди лъапIэныгъэхэр хэутэн ящIыну. АрщхьэкIэ Урысейм къытекIуэфын щыIэкъым. Аращ мы зэманым дзэ Iуэху хэхам хэт ди щIалэхэм я гупсысэр зыхуэунэтIари», - жиIащ нэхъыжьым.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым** жиIащ зэхыхьэр щекIуэкI щIыпIэм и мыхьэнэр зэрыиныр.

- ЦIыху гунэфыр лъабжьэншэ жыгым хуэдэщ. Ди тхыдэр зэрытIэщIагъэхун Iэмалхэм илъэс куэд хъуауэ иужь итщ къыдэныкъуэкъухэр. АрщхьэкIэ ар абы яхузэфIэкIакъым. Нобэрей мы зэхуэсым Георгий щихъым и лентIыр зэрыщызэIэпытхым нэхъыщхьэу хэлъыр а фэеплъыр зы щIэблэм адрейм зэрыритырщ. Ар ди гум илъыху, зыри зэи къытпэлъэщынукъым, - къыхигъэщащ Къуэшырокъуэм.

ИужькIэ Iуэхум хэтахэр псори екIуэлIащ Граждан зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым. Абдеж ТекIуэныгъэм и бэракъымрэ Урысей Федерацэм и ныпымрэ щаубгъуащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Я махуэшхуэм ирихьэлIэу

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIащ Урысей МВД-м Экономикэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэтынымкIэ и къулыкъур къыщызэрагъэпэща махуэм теухуа зэIущIэ гуапэ.

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав махуэшхуэм ирихьэлIэу зэрагъэпажэ тхылъыр иритащ КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и подполковник Мыкъуэжь Тимур.

Я къалэнхэр хьэлэлу зэрагъэзащIэм, зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ Крючков Вячеслав щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр иритащ экономикэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтынымкIэ управленэм и лэжьакIуэ къыхэжаныкIахэм.

Министрыр IэнатIэм и гупым я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ я узыншагъэр быдэу, зэIузэпэщу псэуну, Хэкум къулыкъу хуэщIэным ехъулIэныгъэхэр щаIэну.

- Къэрал кIуэцI Iуэхухэм я органхэм коррупцэм, Iулъхьэм, бюджет мылъкур зэхэдыгъуэным пэщIэтыным жылагъуэ псор тогузэвыхьри жэуаплыныгъэри нэхъыбэщ. Си фIэщ мэхъу къыхуагъэува къалэнхэм гупыр адэкIи зэрыпэлъэщынур, - жиIащ министрым.

Зыгъэхьэзырар **УАРДЭ Жантинэщ.**

● Фэеплъ

АдыгэлI щыпкъэт

Хъыбар гущIыхьэ къикIащ ди къуэш республикэм: дунейм ехыжащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къуэфIхэм ящыщ, Хэку зауэшхуэм и ветеран, журналист цIэрыIуэ, тхакIуэ, усакIуэ ахъырзэман, адыгэ лъэпкъым и къуэ пэж Даур Жэхьфар Ахьмэд и къуэр.

ДАУРЫР Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэт, Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и журналистт, Совет Союзым и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтт. Илъэс 94-рэ зи ныбжь дадэ жыджэрым и иужьрей интервьюр зритар дэрат. Адыгэ газетищым я журналистхэр зэдэлэжьэным теухуауэ КъШР-м дыщыкIуам, ар и гуапэу къытхуэзат Адыгейм щыщ си лэжьэгъу Тау Замирэрэ сэрэ. Илъэс 52-кIэ газетым щылэжьа дадэм къыджиIэжын и куэдт. Хуабжьу гущIыхьэщ апхуэдэ нэхъыжьыфIхэр дунейм щехыжым и деж: лэжьыгъэкIи псэукIэкIи гъуазэ хъу цIыху щыпкъэт ар.

Жэхьфар Хъумэрэн ЦIыкIукIэ зэджэ жылэм 1931 гъэм щIышылэм и 6-м къыщалъхуащ. Абы пэщIэдзэ еджапIэт дэтри, я гъунэгъу ПсэукIэ Дахэ къуажэм классиблыр къыщиухащ. 1954 гъэм дзэм къулыкъу щищIэну ираджэу, а къалэныр щIыхь пылъу зэфIигъэкIыу къыщигъэзэжам, «Черкес пэж» газетым ирагъэблэгъащ. Мис абы щыгъуэм зэрылэжьа тхылъым иратхащ «1957 гъэм газетым лэжьэн щIидзащ», етIуанэу абы итыр: «2009 гъэм IукIыжащ». НэгъуэщIу жыпIэмэ, илъэс 52-рэ адыгэ газетым иритащ, апхуэдиз илъэскIи и лъэпкъым, республикэм, Урысейм хьэлэлу яхуэлэжьащ.

Зэрылажьэм хуэдэурэ, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал педагогикэ институтыр къиухыжащ. Журналист IэщIагъэ мытыншым нэхъри хуэIэижь хъун папщIэ, партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и унафэкIэ 1967 гъэм Ленинград парт еджапIэм ягъэкIуащ икIи ар щытхъу иIэу къиухащ.

Жэхьфар и гуащIэ зыхилъхьар адыгэ газетым и закъуэкъым, атIэ Кавказ Ищхъэрэм, Урысейм къыщыдэкI газетхэми япыщIат.

Лэжьэн щIидза къудейуэ, 1954 гъэм, къулыкъум яшащ. Курыт щIэныгъэ зиIэ сэлэт я частым зэрыхэхуам хуабжьу щыгуфIыкIат командирхэр, занщIэуи IэнатIэ хэхам - полкым и часть щэхум - пэрагъэуващ. «АдыгэлI» жаригъэIэу илъэсищыр ирихьэкIащ, лейтенант нэхъыжьу хъуауэ къигъэзэжащ.

КъыздэкIуэжам, егъэджакIуэ IэнатIэм пэрыувэжын мурад иIэу, адыгэ газетыр къылъыгъуэзащ. «Черкес плъыжь» газетыр «Черкес пэжкIэ» зэрахъуэкIауэ, езыри нэхъ ин ящIауэ лэжьакIуэщIэхэм лъыхъуэрти, адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэм лъэIукIэ зыкъыхуагъэзат.

Апхуэдэу 1957 гъэм и шыщхьэуIум газетым и лэжьакIуэ хъуащ. ЯпэщIыкIэ зэдзэкIакIуэу, итIанэ литработникыу, иужькIэ редакцэм и мэкъумэш къудамэм и редактор IэнатIэр игъэзэщIащ.

Ленинград парт еджапIэ нэхъыщхьэм кърита тхылъым итыр гъэщIэгъуэнщ: «Гурыхуэщ, щIэныгъэфI иIэщ, сыт хуэдэ парт лэжьыгъэри игъэзэщIэфынущ». Ауэ Жэхьфар къыхихар зыхуеджаращ - журналист IэщIагъэрщ, и гъащIэ псор зритари аращ.

Жэхьфэр Хэку зауэшхуэм и ветеранщ. Ар щIалэщIэ дыдэт, зауэр къыщыхъеям. Ауэ 1943 гъэм нэмыцэхэр щрахужым ПсэукIэ-Дахэ къуажэмрэ Хъумэрэн ЦIыкIумрэ я кум махуищкIэ зауэ гуащIэхэр щекIуэкIащ. ЩIалэ цIыкIухэр ажалым щымышынэу зауэлIхэм ядэIэпыкъурт. Сабийуэ зауэм и нэщIэбжьэр зэрилъэгъуар и журналист, тхакIуэ лэжьыгъэхэм къыхощыж. МащIэкъым тхыгъэу итхар. ТекIуэныгъэр илъэс 65-рэ щрикъум ирихьэлIэу Къэрэшей-Шэрджэсым и лIыхъужьхэм, зэуапIэм, Iутахэм я лIыгъэр зэрыт «ЛIыхъужьыгъэм и гъуэгукIэ» тхылъ къыдигъэкIащ. ТекIуэныгъэр илъэс 70 щрикъум ехъулIэу дунейм къытригъэхьащ «Участники парада Победы 1945 года» тхылъыр.

«Аслан Дауров. Оборванные струны сердца» тхылъыр 2014 гъэм къыдэкIа тхылъ нэхъыфI дыдэхэм хабжэри, республикэм и Iэтащхьэм и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

Къэралым къыбгъэдэкIыу дамыгъэ, щIыхь тхылъ куэд къыхуагъэфэщащ Жэхьфар, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и Iэ зыщIэлъхэр яхэту. Абы и цIэр Дунейпсо адыгэ (черкес) энциклопедием хуэфащэ дыдэу иратхащ. Республикэм къыхуигъэфэщащ и нагъыщэ нэхъыщхьэ дыдэр - «Къэрэшей-Шэрджэсым и пащхьэ щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденыр, къыфIащащ «РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм и зэманым иригъэкIуэкIа лэжьыгъэфIым папщIэ» медалыр, Жуковым и медалыр кърататщ. Абы и цIэр дунейм къытенащ адыгэлI щыпкъэм, цIыхугъэ лъагэм, адыгагъэ нэсым, анэдэлъхубзэ шэрыуэм, гушыIэ дахэм я нэщэнэу.

Даур Жэхьфар и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм ис ди къуэшхэм дахуогузавэ нэхъыжь лъапIэр дунейм зэрехыжам папщIэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Ди газетыр зауэм и лъэхъэнэм

ЛIыхъужьым и зауэ гъуэгур

Ди газетым зауэ зэманым къытехуа тхыгъэхэм пыдощэ. Нобэ абы къитхыжауэ щыгъуазэ фыдощI нэмыцэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм къэмылэнджэжу япэщIэта летчик, Советскэ Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан теухуа тхыгъэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и къуэ хахуэ Къанкъуэщ Ахьмэд-Хъан зэрыцIыкIу лъандэрэ хущIэкъуу щытащ Iэджэуи зэхэлъ авиационнэ техникэр зыригъэщIэну, лъатэкIэм хуэIэзэу зигъэсэну. Летчикхэр щеджэ еджапIэр фIыдыдэу къиухщ, летчикхэм я щIэныгъэр хэгъэхъуэнымкIэ щыIэ хьэуа Академием курсыр къыщиухри Краснэ Армэм и Хьэуа Зауэ къарухэм я кадрхэр гъэхьэзырыныгъэм елэжьыну ар лэжьапIэ ягъэкIуауэ щытащ. Аэроклубым абы гъэсэныгъэ щаритащ лъэтэкIэм хуэIэзэ летчик пщIы бжыгъэхэм, ди Хэкум и хъумакIуэ лIыхъужьхэм.

Хэку зауэ иным и махуэ шынагъуэхэр къэхъуащ. Фашист дзэ фIыцIэхэр ди Хэкум къыщытеуа лъэхъэнэм Къанкъуэщ Ахьмэд-Хъан гукъеуэншэу щысынкIэ хъуакъым. «Фашизмэр сэ лъыкIэ си бийщ икIи абы ди народым къыхуихьа хьэзабхэмрэ нэщхъеягъуэхэмрэ папщIэкIэ сэ ди цIыхухэм я лъыр гуащIэу сщIэжын хуейщ» - аэроклубым иригъэкIыу зауэм Iут армэм игъэкIуэну оборонэм и Нарком товарищ Сталиным елъэIуу 1942 гъэм и гъэмахуэм Къанкъуэщ Ахьмэд-Хъан ТIалэ и къуэм итха рапортым абы хуэдэу иритхауэ щытащ. А лъэхъэнэм фашист дзэ фIыцIэхэр Кавказым хуэкIуэрт.

Къанкъуэщыр зыщIэхъуэпсу зыщIэлъэIуар къыхуащIащ. Абы езыр-езыру зэман кIэщIым и кIуэцIкIэ зырегъэщIэ псынщIэрылъатэ истребителыр, ар Iэрыхуэу зэрихуэу зырегъасэри фронтым къыщохутэ.

Ныбжьэгъу Къанкъуэщыр сыт щыгъуи хьэзырщ хьэуам бийм щезэуэну. Абы сыт щыгъуи бийр къелъыхъуэр, шынагъэ лъэпкъ хэмылъу хуабжьу тозэрыгуэри бийр бжыгъэкIэ нэхъыбэ хъуми зауэр ярещIылIэ. ЛъатэкIэм ар нэсу зэрыхуэIэзэм, езыр лIы хахуэу, шынагъэ зымыщIэу зэрыщытым къыхэкIкIэ абы сыт щыгъуи текIуэныгъэр Iэрохьэр.

Ныбжьэгъу Къанкъуэщыр 130-рэ кIуэгъуэ зауэну лъэтащ. Тезэрыгуэурэ абы зэхикъутащ бийм и техникэ куэд, гитлеровцхэу зы ротэм нэблагъэ зэтриукIащ, бийм и зы кхъухьлъатэ аэродромым щикъутащ, 4-м зэраныгъэ яритащ. Кавказымрэ Кубанымрэ щхьэхуит къэщIыжыным щIэбэнурэ абы зи бжыгъэкIэ нэхъыбэ бий гупхэм 55-рэ зауэ яришIылIащ, абыхэм щыгъуэ езым изакъуэ къыриудыхащ кхъухьлъатэхэу 11, гупым хэту бийм и кхъухьлъати 3 къыриудыхащ. Абы нэмыщIкIэ бийм и кхъухьлъатэхэу 7-м абы зэраныгъэ яритащ.

«ЯК-1» кхъухьлъатэхэу 7-р 1943 гъэм мартым и 14-м бийм и аэродромым щытеуам ар яхэтащ. Аэродромым щекIуалIэм ар бийм ебгъэрыкIуэри «ФВ-189» бий кхъухьлъатэм мафIэ щIидзащ, бийм и кхъухьлъати 4-м зэраныгъэ яритащ. Бий аэродромым щытеуэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу ди истребителхэм къытезэрыгуащ «Мессершмитт-хэу» 10. Къанкъуэщым и кхъухьлъатэм бий къашыргъитI къебгъэрыкIуат. IэкIуэлъакIуэу зэщIидзэри ар бийм и удыным IэщIэкIащ, япэ ит бий кхъухьлъатэм теуэри гъунэгъу щыхуэхъум ириудыхащ. ЕтIуанэр щIэпхъуэжащ.

Къанкъуэщым зэрихьа лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ имызакъуэу, фIыуэ ищIэу щытщ бийм и тактикэр икIи езым и тактикэр хуэIэзэу бийм пегъэув. 1943 гъэм мартым и 21-м ди кхъухьлъатэхэм я гупым хэту ар лъэтащ ди щIылъэрыкIуэдзэхэм дэIэпыкъуну. Фронтым щхьэщыту къилъэтыхьурэ Къанкъуэщым гу лъитащ дыгъэпс лъэныкъуэмкIэ къикIыу нэмыцэ кхъухьлъати 2 гъунэгъу къызэрыхъум. АрщхьэкIэ, бийм и истребителхэр зауэм хэмыхьэу западымкIэ ягъэзащ. Абыхэм я мурадыр Къанкъуэщым къищIащ: жыжьэу IукIыу лъагэу заIэту ди кхъухьлъатэхэм къебгъэрыкIуэну абыхэм я мурадт. Абы къыхэкIкIэ езыми мурад ищIащ лъагэу зиIэтыну. Ар къэпцIакъым. Ди кхъухьлъатэхэм лъатэу зыщаIэтым абыхэм я щIагъыIуэкIэ къыщыхутащ а бий кхъухьлъатитIыр. Къанкъуэщыр напIэ-зыпIэм бийм и кхъухьлъатэм и кIэм деж къыщыхутащ икIи зэ еуэгъуэ фIэкIа емыуэу «Ме-109» кхъухьлъатэр къыриудыхащ, етIуанэ бий кхъухьлъатэр абы и гъусам къыриудыхащ.

Майм и 16-м мы гъэм ди кхъухьлъатэ гупым хэту Къанкъуэщыр тревогэкIэ лъэтащ, бийм и бомбардировщикхэр ди дзэм къытримыгъэуэну. Ди аэродромым и гъунэгъуу бий кхъухьлъатэхэу пщIы хуэдизым щахуэзащ. Хьэуа зауэр зэхаублащ. Аэродромым тет езым и ныбжьэгъухэм ялъагъуу Къанкъуэщым бий истребителым мафIэ хидзащ; парашюткIэ къелъа нэмыцэ летчикыр плену къаубыдащ.

Бийм и хъумапIэр зэпатхъыу Краснэ Армэм и частхэм Кубаным кIуатэныгъэр щырагъэжьам щыгъуэ ныбжьэгъу Къанкъуэщым советскэ истребитель щытхъу зиIэу зыкъигъэлъэгъуащ. ЯпэкIэ кIуатэ Краснэ Армэм и частхэм дэIэпыкъуным папщIэкIэ зы махуэм ар 4 - 5 лъатэрт.

Майм и 23-м ди кхъухьлъатэхэм я гупым уэгум зиIэтащ япэкIэ кIуатэ ди частхэм дэIэпыкъуным папщIэкIэ. «ЯК 1» кхъухьлъати 4-м Къанкъуэщыр я пашэт. Уэгум иту здэкIуэнум щынэсым абы илъэгъуащ кхъухьлъатэ 20 - 25 хъухэу бийм и бомбардировщик гупхэр. Абыхэм бий истребителхэу 16 ящIыгъут. Езым и ныбжьэгъухэм IэкIуэлъакIуэу радиокIэ руководствэ яритурэ, щIылъэм къикI хъыбархэм щIэдэIуурэ ныбжьэгъу Къанкъуэщыр бийм и бомбардировщикхэм тезэрыгуащ, абыхэм я стройр зэIищIащ, я мурадари къаригъэхъулIакъым. Абы щыгъуэ Ахьмэд-Хъан къыриудыхащ «Ю-87» бий кхъухьлъатэр. Абы иужькIэ бийм и истребителхэм хьэуа зауэр иращIылIащ. А зауэхэр щекIуэкIым щыгъуэ Къанкъуэщым «Ме-109» кхъухьлъатэр къыриудыхащ.

1943 гъэм июным и 3-м Къанкъуэщыр ди кхъухьлъати 6-м ящIыгъуу лъэтащ бийм и кхъухьлъатэхэм я гъуэгур къызэпиудыну. Ди дзэхэм къытеуэну къакIуэ нэмыцэ бомбардировщикхэрэ истребителхэу 100-м щIигъу ахэр уэгум щыхуэзащ. А кхъухьлъатэ куэдыкIэйр ди дзэхэм ялъагъуу ди истребителхэм зэбгырахуащ. Зэрыхь-зэрий къахыхьэри бийм и бомбардировщикхэм бомбэхэр езыхэм я дзэхэм традзэжащ. Ди кхъухьлъати 6-м я пашэмрэ Къанкъуэщымрэ бийм и истребителхэу 8-м зауэр иращIылIащ, мыбы дежми Ахьмэд-Хъан текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ, зы «Мессершмитт» къыриудыхри. А зауэм и кIуэцIкIэ ныбжьэгъу Къанкъуэщым и кхъухьлъатэм пхыудыныгъэу 15 игъуэтауэ щытащ, арщхьэкIэ дауи ирехъуи летчикым езым и пцIащхъуэ цIыкIур езым и аэродромым IэкIуэлъакIуэу щыригъэтIысэхащ.

Ныбжьэгъу Къанкъуэщыр истребитель къэхутакIуэуи къыхэжаныкIащ. Ди дзэхэр япэкIэ кIуатэныгъэр щагъэхьэзыр лъэхъэнэм абы къэхутэныгъэ лъатэныгъэу 30 иригъэкIуэкIащ. Абы хуэIэзэу кхъухьлъатэ зехуэкIэр зэригъэщIащ, штурманым и къалэнхэри IэкIуэлъакIуэу егъэзащIэр. Ныбжьэгъу Къанкъуэщым къэхутакIуэ гупхэр мызэ-мытIэу лъахъшабзэу къыришэкIащ, бийм и зениткхэм я мафIэр ятримыгъахуэурэ, хуей щыхъум деж икъукIэ хъыжьэу бийм и батарейхэр дипIытIэурэ. Бийм и Iуэхукlэ хъыбар пэжхэр абы сыт щыгъуи къырихьэлIэрт.

Нэмыцэ фашизмэм ебэныгъэм и кIуэцIкIэ зэрихьа лIыхъужьыгъэшхуэм къыхэкIкIэ советскэ правительствэм гвардий старшэ лейтенант Къанкъуэщ Ахьмэд-Хъан, Бэракъ Плъыжь орденитI нагрaдэу иритащ. 1943 гъэм сентябрым и 2-м СССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и УказкIэ абы фIащащ Советскэ Союзым и ЛIыхъужь цIэр.

А. Малкин.
Зауэм Iут армэ.
«Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр»
1943 гъэ, сентябрым и 19.

Гу зылъытапхъэ

Тхыгъэм иджырей ди пэжырытхэм, стилистикэм темыхуэхэр хэтщ, ауэ ахэр зэдмыхъуэкIыжмэ нэхъ тэмэму къэтлъытащ.

Газетым къизыхыжар
УЭРДОКЪУЭ Женящ.

● Дызэкъуэту

Хэкум и хъумакIуэ Къэсым зэкъуэшхэр

Валерэ

Алим

Iэдэм

Аскэр

«Хэкум лей къытехьэмэ, къыщыж», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Къэралыр щытыкIэ гугъу къыщихутэм, абы и щхьэхуитыныгъэм, цIыхубэм я мамыр гъащIэм и щхьэщыжакIуэу къэувахэм яхэтщ адыгэ щIалэ куэд. ЩIэхщIэхыурэ зэхыдох абыхэм я лIыгъэм, лIыхъужьыгъэм теухуа хъыбархэр икIи дрогушхуэ абыхэм я хахуагъэм.

ДЗЭ Iуэху хэхам хэту Хэкум псэемыблэжу къыщыж лIыхъужьхэм ящыщщ Шэрэдж щIыналъэм хыхьэ Аушыджэр къуажэм щыщ Къэсым Чэрим и къуэхэу Валерэ, Алим, Iэдэм, Аскэр сымэ. Абыхэм я хъыбарым дыщигъэгъуэзащ я адэ къуэш Къэсым Хьэжмурат. «Ди щIалэхэр къэралым и щхьэхуитыныгъэм хахуагъэ къагъэлъагъуэу зэрыщIэбэным дрогушхуэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми, шэч хэмылъу, Хэкум и къуэ пэжу зыкъигъэлъэгъуащ, къэралыр дэIэпыкъуныгъэ щыхуэныкъуэм я цIыхухъу къалэныр ягъэзащIэу зауэ IэнатIэ гугъум пэрыхьащ. Къэсым зэкъуэшхэм хуэдэу, нобэ псэзэпылъхьэпIэ IэнатIэм пэрытщ Урысейм и лъэпкъыбэм къыхэкIа щIалэфI куэд. Догугъэ мыгувэу щытыкIэр зэпIэзэрыт хъужу, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм текIуэныгъэкIэ дагъэгуфIэну, узыншэу я унагъуэхэм екIуэлIэжыну», - жиIащ абы.

Къэралым и зэпIэзэрыт псэукIэр къэтIэсхъэнкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр наIуэ щыхъум, щIыналъэм и мамырыгъэм и хъумакIуэ нэсу япэу зыкъэзыгъэлъэгъуахэм яхэтащ щIалэхэр. ГъэщIэгъуэныращи, зэкъуэшиплIми Хэкум и хъумакIуэу щытыныр къалэн нэхъыщхьэ зыщащIыжри, дзэм къулыкъу щыщIэным я гъащIэр хуагъэпсащ икIи ехъулIэу а Iуэхур ирахьэкI.

Валерэ курыт школыр къиуха нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым экономикэмкIэ и къудамэм щеджащ. Дзэ къулыкъур Таджикистаным щрихьэкIащ. ИужькIэ «Роснефть» компанием Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм пIалъэ гуэркIэ щылажьэри, «Налшык - 20» гарнизоным дзэ къулыкъум щыхыхьащ. Дзэ Iуэху хэхам щыщIидза махуэм щегъэжьауэ щIалэр абы щыIэщ.

Алими щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетырщ. Еджэныр къиуха нэужь, Архангельск областым хыхьэ Новая Земля щIыналъэм щыIэу дзэм къулыкъу щищIащ. 2010 гъэ лъандэрэ Урысей гвардием и управленэу Осетие Ищхъэрэ - Аланием хыхьэ Мэздэгу къалэм щыIэм щолажьэ. 2022 гъэ лъандэрэ дзэ Iуэху хэхам хэтщ. Абы къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ ведомствэ дамыгъэхэр кърататщ.

Iэдэм къиухащ Москва дэт дзэ-артиллерие академиемрэ УФ-м и Президентым и деж ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал IэнатIэмкIэ щыIэ урысей академиемрэ. ЩIалэр лейтенант нэхъыжьщ, дзэ Iуэху хэхам зэрыщIидзэрэ ар щекIуэкI щIыпIэм щыIэщ. Псэемыблэжу и къалэныр зэрырихьэкIым къыпэкIуэу Iэдэм ягъэпэжащ къэрал дамыгъэкIэ - абы кърататщ Суворовым и медалыр.

ЩIалэ нэхъыщIэ Аскэри и къуэшхэм я лъагъуэм ирикIуэу щIэныгъэ нэхъыщхьэр щызригъэгъуэтащ КъБКъМУ-м. ЕджапIэ нэужьым дзэм къулыкъу щищIэну ираджэри, а къалэныр къыщрихьэлIащ Забайкалье крайм. Абы къыщынэжри, Чита къалэм дэт дзэ частым къулыкъу щрихьэкIащ, япэщIыкIэ радиостанцым и унафэщIу, иужькIэ отделенэм и командиру. Дзэ Iуэхум дихьэха лейтенант нэхъыжьым а унэтIыныгъэмкIэ и щIэныгъэм хигъэхъуэну мурад ищIри, Совет Союзым и Маршал Василевский А. М. и цIэр зезыхьэ, Урысей Федерацэм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм Дзэ-хьэуа ебгъэрыкIуныгъэм зыщыхъумэнымкIэ и дзэ академиер 2022 гъэм къиухыжащ. А илъэс дыдэм дзэ Iуэху хэхам хыхьащ, и хахуагъэм папщIэ къэрал дамыгъи къыхуагъэфэщащ.

Щапхъэ зытрах хэкупсэ щIалэхэщ Къэсым зэкъуэшхэр. Зэрысабийрэ жыIэщIэу, жэуаплыныгъэ яхэлъу, цIыхухъу нэсым хэлъын хуей хьэл-щэныр ядэплъагъуу къэхъуащ. БалигъыпIэ щиувэм, дэтхэнэми IэщIагъэ зрыз зрагъэгъуэтами, иужьым плIыри зы Iуэхум зэришэлIэжащ. Нэхъыщхьэращи, я гум, я псэм дыхьэу я IэщIагъэм пэрытхэщ. Ягъэпэжащ зэкъуэшхэм Хэку-анэр къазэрыщыгугъыр, абы и щыхьэтщ дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм я къалэныр зэрыщрахьэкIыр.

Зэкъуэшхэм я лIыгъэм, хахуагъэм иригушхуэр я унагъуэм, благъэ-Iыхьлыхэм я закъуэкъым, ар я напщIэ телъщ щIалэхэр къызыхэкIа Къэсымхэ я лъэпкъми къыщыхъуа щIыналъэми. Республикэм и къуэ пажэхэр, шэчыншэу, къытщIэхъуэ щIэблэм гъуазэ яхуэхъунущ, абыхэм хуэдэхэрщ Хэкум и пщIэри, и щIыхьри зыIэтхэр.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэр ди къэралым и ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 80 зэрырикъур гъэлъэпIэным хуэгъэпса Iуэхугъэхэр дэнэкIи щокIуэкI. Абы къызэщIиубыдэхэм ящыщщ «ТекIуэныгъэр илъэс 80 ирокъу» махуэщI медалыр къызэрыдагъэкIар. Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ а дамыгъэ лъапIэр ират Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, фронтым и щIыбагъ щызэуахэм, щылэжьахэм, «зауэм и бын» цIэр хьэлъэр зыгъуэтауэ щыта щIэблэм.

«ТекIуэныгъэр илъэс 80 ирокъу» медалыр зыхуагъэфэщахэм ящыщщ сурэтым щыфлъагъу адыгэ бзылъхугъэр. Ар Аруан щIыналъэм хиубыдэ Къэхъун къуажэм и нэхъыжьыфIхэм хабжэ, Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэр сабийуэ зыгъэвахэм, хулъэкIымкIэ фронтым ядэIэпыкъуахэм, жылэм щызэхэт хозяйствэм иужькIэ куэдрэ щылэжьахэм яхэта НэщIэпыджэ (Къул) Марьян Къасбот и пхъурщ.

Илъэс 90-м щхьэдэха нанэ Iумахуэм, гугъу ехьами, иIуэтэжащ. Нобэ анэр, анэшхуэр, нанэшхуэр къаухъуреихь щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ зригъэгъуэта и бынхэм, пхъурылъхухэм, абыхэм къащIэува щIэблэм. НэхъыжьыфIыр щапхъэщ абыхэм ящыщ дэтхэнэм и дежкIи. Марьян нанэ нэхъапэми мызэ-мытIэу хуагъэфэща дамыгъэхэр и нэщэнэщ абы хуэдэхэм а лъэхъэнэ гугъум яхэлъа шыIэныгъэм, зэфIэкIым, нобэ яIэ пщIэмрэ нэмысымрэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Япэ лъэбакъуэхэр

Урысей Федерацэмрэ США-мрэ я президентхэу Путин Владимиррэ Трамп Дональдрэ сыхьэтитIрэ ныкъуэкIэ телефонкIэ зэпсэлъащ. ЛIыщхьэхэм Iуэхугъуэ куэдым и гугъу ящIащ, ауэ нэхъыщхьэу зытрагъэщIар Украинэм и Iуэхурщ.

КРЕМЛЫМ и пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ, Путин Владимир США-м и лIыщхьэм жриIащ хамэ къэралхэм Киев дзэрэ IэщэкIэ зыщIэгъэкъуэныр зэпамыгъэуауэ украинэ зэныкъуэкъур зэфIэха зэрымыхъунур. ЗэпсэлъэныгъэхэмкъызэрыхэщамкIэ, урысей армэр мазэкIэ IэщэкIэ еуэнукъым Украинэм электрокъэрупр къэлэжьыныр, къэгъэсэбэпыныр къызэзыгъэпэщ и ухуэныгъэхэм, апхуэдэ ебгъэрыкIуэныгъэхэр къызэтригъэувыIэн хуейщ Киеви.

Путин Владимир къыхигъэщащ киев режимым и политикэр дзыхьщIыгъуэджэу зэрыщытыр икIи США-м и президентым игу къигъэкIыжащ зауэр къэгъэувыIэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа Iуэхухэр Украинэм и унафэщIхэм мызэ-мытIэу къызэпаудыну зэрыхэтар. Апхуэдэу Урысейм и УнафэщIым къигъэлъэгъуащ лъэныкъуитIыр зэкIужын хуей хъумэ, Украинэм и дзэр IэщэкIэ щIэуэ зэщIэузэдэныр, залымыгъэкIэ мобилизацэр егъэкIуэкIыныр Iэмал имыIэу къызэрыгъэувыIапхъэр.

Гъатхэпэм и 20,
махуэку

♦**ЩIым и дунейпсо махуэщ**
♦**1944 гъэм** Докшукинэ спирт заводым, зэрагъэпэщыжа нэужь, лажьэу щIидзэжащ.
♦**1992 гъэм** «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэмрэ «Дыщэ вагъуэ» медалымрэ ягъэуващ.
♦**1910 гъэм** къалъхуащ «ЩIыхь» орденым и нагъыщищри зыхуагъэфэща **Мусэ Менлы**.
♦**1967 гъэм** къалъхуащ композитор, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Абдокъуэ Юрэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 3-кIэ зихъуэжынущ.

Гъатхэпэм и 21,
мэрем

♦**Усыгъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэщ**
♦**1918 гъэм** Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ совет властыр щагъэуващ.
♦**1910 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Махъсидэ Залымхъан**.
1940 гъэм къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ, АР-м и цIыхубэ артист **Жанэ Нафисэт**.
♦**1960 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, Адыгейм щIыхь зиIэ и художник **Хъуажь Рэмэзан**.
♦**1961 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Джатокъуэ Олег**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зымыщlэф унафэ щIынкIэ ерыщщ.

● Шэджэм щIыналъэм

Зы миным щIигъу

Шэджэм щIыналъэм цIыху миным щIигъу IэнатIэкIэ къыщызэрагъэпэщащ иужьрей илъэситIым. Район администрацэм и унафэщI Борсэ Юрэ ар иджыблагъэ щыжиIащ щIыпIэ самоуправленэмкIэ советым я лэжьыгъэр зыхуэдам щыхэплъэжу иригъэкIуэкIа зэIущIэм.

КЪАПЩЫТЭЖ пIалъэм кърикIубыдэу щIыналъэм IуэхущIапIэшхуитI къызэрыщызэIуахам и фIыгъэ хэлъщ районым и цIыхухэм IэнатIэщIэхэр зэрагъуэтам. Псалъэм къыдэкIуэу, 2024 гъэм лэжьэн щIидзащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэ, бэдрэжан къыщагъэкI «Шэджэм Агро» хуабэщым. Зы илъэсым кърикIубыдэу бэдрэжан тонн мин 16-м щIигъу мыбы къыщыщIач.

НобэкIэ лэжьыгъэ IэнатIэхэмкIэ абы къыщызэгъэпэщащ цIыху 600-м нэблагъэ. Дызэрыт илъэсым хуабэщым и етIуанэ Iыхьэр ухуэн щIадзэнущ. Апхуэдэуи яухуащ икIи лажьэу ирагъэжьащ пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 20-м щIигъу зыщIэхуэ хъумапIэм.

Шэджэм и абдж заводым къыщIигъэкI продукцэм и куэдагъымрэ лIэужьыгъуэмрэ хигъахъуэ зэпытщ. Медицинэм къыщагъэсэбэп абджыпсхэр къыщIэзыгъэкI линием зы дыщIагъужащ. Заводым цIыху 300-м щIигъу нобэ щолажьэ. Зы илъэсым кърикIубыдэуи продукцэ хьэзыру, абджым къыхэщIыкIа ткIуаткIуэ игъэхъуапIэу, хъумапIэу мелуан 200-м щIигъу къыщIегъэкI.

Илъэс блэкIам Шэджэм къалэм къыщызэIуахащ пхъэщхьэмыщхьэхэм елэжь «Малус» IуэхущIапIэм и къудамэ. Ар нэхъыбэу зытеухуар мыIэрысэ къэгъэкIыным рэ абы мыIэрысэпсрэ чипсрэ къыхэщIыкIыным рэщ. Зы лэжьэгъуэ зэманым кърикIубыдэу мыIэрысэу тонн 15 щызэрагъэкIуэкI.

А псом нэмыщI, Шэджэм щIыналъэм и мэкъумэш-промышленнэ комплексым хыхьэ мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэр, я щхьэ хуэлэжьэжхэр псори зэхэту 400-м щIегъу. Абыхэми районым щыщ цIыху куэд щолажьэ.

ШЭДЖЭМЫКЪУЭ Щэуей.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и I, II, V зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщIым и къуэдзэ **Гугу Владимир Рашад и къуэм** хуогузавэ абы и щхьэгъусэ **Гугу (Мэрзей) Светланэ Борис и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Экономикэ · Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ · Жылагъуэ Iуэху

Урысейм и къэкIуэнум зригъэхъуэжат

Пщылlыр пасэу Урысейм щыIукI пэтащ. Абы Iэмалыфl къыхукъуэкIат зыужьыныгъэ тэмэмым и гъуэгум теувэну, ауэ апхуэдэхэм деж къызэрыхъу хабзэщи, псори напIэзыпIэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зыпэмыплъам икъутэжащ.

НАIУЭУ зэрыщытщи, Петр Езанэр лIа иужь Урысейм и пащтыхь хъуащ абы и щхьэгъусэ Екатеринэ Езанэр. ЖыщIакIуэу къэгъуэгурыкIуа а бзылъхугъэр зэрымыщIэкIэ тахътэм къихутати, къэрал зехьэкIэм щыгъуазэтэкъым. Абы ар икIи фIэфIтэкъым. А къалэныр и пщэ далъхьат джыназ Меншиков Александр зи пашэ лIакъуэлIэш гупым, езым абыхэм ящI унафэхэм Iэ щIидз къудейуэ арат. 1727 гъэм Екатеринэ щылIэм гупыр регент хуэхъуащ пащтыхь тажыр сабийуэ зыщхьэратIэгъа Петр ЕтIуанэм. АрщхьэкIэ ари мыгувэу фэрэкI узым ихьащ. Мис абдеж гупым и пащхьэм къиуващ жэуап зритын хуей упщIэ гугъу: хэт пащтыхь хъунур? Ар зылъысын хуей цIыхухъухэр абдеж щиухати, гупыр иджы яхэдэн хуейт цIыхубзхэм.

Зи гугъу тщIы гупым хэтхэр, дауи, зэщхьэщыкIырт я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ, ауэ мыбдеж псори щызэгурыIуащ: тахътэм итIысхьэн хуейр пащтыхь Алексей и къуэ Иван ипхъу Аннэщ. Абы щIытраухуам лъабжьэ иIэт: а цIыхубзыр къащыхъурт нэмысыфIэу, мылъкум щимыгъэкIауэ, унафэхэр къыщищтэкIэ, чэнджэщхэм едэIуэну. Ауэ джыназ Голицын Дмитрий къыхилъхьащ Курляндием и герцогиням (нэгъуэщIу жыпIэмэ, Аннэ) тажыр хуагъэлъэгъуэн ипэкIэ езы пащтыхьым и властыр ягъэмэщIэну. АбыкIэ арэзы хъуащ адрейхэри. Голицыным зэхилъхьащ а дэфтэрыр - «Кондицэхэр». Абы щыубзыхуат Совет щэху ищхьэм (арат «гуп» хъужри) и Iизыныншэу пащтыхьыр хуимыту: 1. Зыми зауэ ирищIылIэну. 2. Мамырыгъэ ирищIылIэну. 3. Дэ къытхуэпэжу къыткъуэтхэм къеIытххэмкIэ затедгъэхьэлъэну. 4. КъулыкъущIэхэр игъэувыну. Щляххэр иукIыну, абыхэм щIапIэхэр къатрихыну. 6. ЧэнджэщакIуэ гуп нэхъыщхьэм имыщIэу урысхэри нэгъуэщI къэралхэм къикIахэри джыназхэм яхигъэхьэну. 9. Къэралым и хэхъуэхэм хэIэбэну». Ахэр имыгъэзащIэмэ, пащтыхь тажыр къытрахыжынут.

Псори Инджылызым щекIуэкIахэм ещхьт. Ауэ ар щIэдзапIэ къудейт. ИужькIэ я мурадт адэкIэ нэхъри кIуэтэну: Конституцэу къащтэну «Кондицэхэм» къадэкIуэу, нэгъуэщI пэхуэщIэу 7 ягъэхьэзырат абыхэм къазэрыщхьэщыкI щIагъуэ щымыIэу. Абыхэм ящыщ зыр нэхъ мыхъуми пхыкIамэ, Урысейм и зыужьыныгъэр гъуэгущIэм техьэнут. Нэхъыщхьэращи, пащтыхьым и власть гъунапкъэншэм кIэ игъуэтынут.

Дауи. Герцогиням игу ирихьакъым и пащхьэ иралъхьа «Кондицэхэр». Ауэ тажыр зыIэщIимыгъэкIын щхьэкIэ къыхуагъэлъэгъуа псомкIи арэзы хъури, Iэ щIидзыну зэрыхьэзырыр жиIащ. Псори зэфIэкIа хуэдэт. АрщхьэкIэ утыкум къихьащ лIакъуэлIэш нэхъ жьгъейхэр, гвардием и офицерхэр, члисэм и унафэщIхэр Ахэр арэзытэкъым «КондицэхэмкIэ». Абыхэм къалъытэрт «пасэ лъандэрэ Урысейм къызэрыщекIуэкIым хуэдэу, пащтыхьым унафэ псори IэщIэлъын хуейуэ, абы зыри дэгуашэ мыхъуну». Ди жагъуэ зэрыхъунщи, а зэманым куэдым къагурыIуэртэкъым «Кондицэхэм» къикIыр. Ахэр и щIэгъэкъуэну джыназ Голицыным тажыр иубыдыну къафIэщIырт.

ЧэнджэщакIуэхэр къепщIэкIа пэтми, Москва кIуа иужь, Аннэ къищIащ цIыху къызэрыгуэкIхэр езым къызэрыдэщIыр. ИкIи ар къигъэсэбэпащ: и блыгущIэтхэм цIыхухэр зэщIагъэплъащ. 1730 гъэм гъатхэпэм и 8-м Москва и Лефорт уардэ унэ, Аннэ къыщыувыIар, цIыху 800-м къаухъуреихьащ. Абыхэм я лIыкIуэхэм бзылъхугъэм лъэIуэкIэ зыхуагъэзащ «пащтыхь нэсу икIи зыми худимычыхыу щытыну», «Кондицэхэр» зэфIитхъыжыну. АрщхьэкIэ «Кондицэхэр» зэхэзылъхьахэри тIысыжакъым: абыхэми жаIащ а дэфтэрым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэну зэрыхьэзырыр.

А псори щилъагъум, Аннэ, «цIыхубэм къыхуагъэувахэм текIыным темыгушхуэу» «Кондицэхэр» зэфIитхъри, лъэгум иридзащ. А дэфтэрыр ныкъуэзэфIэтхъыу къэнащ икIи мы зэманым ар щахъумэ Пасэрей Iэрытххэм я Урысей къэрал архивым.

Иджы тхыдэдж куэдым шэч къытрахьэ пащтыхь гуащэр «цIыхубэм и фIэфIыныгъэм» хэпщIауэ зэрыщытам: езым зыри химыщIыкIыу псори къэхъуауэ хуагъэфащэ. Ауэ нэгъуэщIым щыхьэт тохъуэ лIэщIыгъуэ зыбжанэ зи ныбжь хъыбарыжьыр: «Пащтыхь тажыр щхьэратIэгъа иужь, Аннэ тахътэм къитэджыкIри, занщIэу бгъэдыхьащ джыназ Долгоруков Василий (гупым щыщ зым). И пэр иубыдри, унащхьэр щIэзыIыгъэ пкъо гъэжам иришэлIащ (Iуэхур щекIуэкIыр Грановитэ палатэрт). Грознэм и сурэтым и дежи къыщыувыIащ:

- Джыназ Василий Владимирович, уэ пщIэрэ мыр зи сурэтыр хэтми?
- СощIэ, Зи ЩIыхьыр лъагэ!
- Хэт?
- Пащтыхь Иван Василий и къуэрщ.
- АтIэ абы къыдэкIуэуи зэгъащIэ, сыцIыхубзми, апхуэдэ дыдэу сыкъызэрыщIэкIынур. Фэ делиблыр фыхущIэкъуащ сыкъэвгъэпщIэну, ауэ сэ фэ сыфтекIуащ!

Пащтыхь гуащэм и псалъэр игъэпэжащ - гупым хэтахэм къащыщIар узижагъуэнщ. Джыназ Долгорукий зэкъуэшхэр япэщIыкIэ Сыбыр яхуащ, иужькIэ, щхьэпылъэ ящIащ. «Кондицэхэр» зыгъэхьэзыра Голицыным къэрал къулыкъу псори щхьэщахащ. Илъэси 6-кIэ и гугъу къамыщIу и щIапIэм щыпсэуащ, ауэ 1736 гъэм «щэху зэгурыIуахэм» яхэтауэ ягъэкъуаншэри, Шлиссельбург быдапIэм яшащ, мыгувэуи абы щIэлIыхьащ.

Мис апхуэдэу зы бзылъхугъэ закъуэм къызэпиудащ Урысейм и къэкIуэнур. Гъунапкъэншэ пащтыхь властыр щагъэкIуэдар 1917 гъэм и мазаерщ. Ауэ ар илъэс 300-кIэ (!) нэхъ пасэу къэсын хуеят...

ГъащIэ кIыхьым и къежьапIэр

Ахэр фIыуи Iейуи къыщIэкIынкIэ мэхъу, ауэ нобэ зи гугъу тщIыр езы гъащIэм и кIыхьагъырщ. Мыр щытщ дэтхэнэ къэралми и щыIэкIэ-псэукIэр зыхуэдэр къызэрапщ пщалъэхэм ящыщ зыуэ. Ику иту хэкухэм ар зэрыщыхъур къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэхэр сыт щыгъуи къыщахь статистикэ дэфтэрхэм. АрщхьэкIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, «ику иту» жыхуэтIэм зы мыхьэнэи иIэкъым дэтхэнэми дэлъытауэ: хэти нэхъыбэрэ дунейм тетщ, хэти нэхъ псынщIэу йохыж. Мыбдежым куэд зэлъытар цIыхум и натIэ кърихтарщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, и насыпырщ. Ауэ, дауи, щыIэщ езы цIыхум и деж къыщыни.

ИЛЪЭСИ 168-рэ зи ныбжь Муслимов Ширали 1965 гъэм еупщIат узыншэу икIи гукъыдэжыфI иIэу апхуэдизрэ псэуныр зи фIыгъэмкIэ. «Лэжьыгъэрщ, - мыгупсысэу жэуап къитыжащ зи ныбжь хэкIуэтам. - Сэ зэи сетIысэхакъым, зэи сыхущIыхьакъым. Лэжьыгъэм ущыпэрытым деж усымэджэнуи улIэнуи ухунэсыркъым». Азербайджаным и Барзаву къуажэм щыщ а лIыжьыр абы иужькIи аргуэру зы илъэскIэ псэужащ.

Зи илъэс бжыгъэр «мардэм» щIезыгъэгъуа цIыхухэр сыт щыгъуи щыIащ, иджыри щыIэщ икIи дэнэ щIыпIи ущрохьэлIэ. Сыт жыжьэ дыщIэкIуэнури: дэ тщыщ дэтхэнэри апхуэдэхэм ярихьэлIащ мымащIэу.

Сэ си гъунэгъуу Балъкъ бжьэпэ тесащ лIыжь зэкIуж МацIыхъу ТIитI. Ар илъэси 104-кIэ псэуащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, куэдрэ сыхуэзэрт. Абы сэ лэжьыгъэм и мыхьэнэм и гугъу гуэри зэи къысхуищIакъым, ауэ, согупсысыжри, зигъэпсэхуу тетIысхьэпIэм тесу сыщрихьэлIар зэзэмызэщ. И ныбжьыр 100-м щыщIигъуами и унагъуэ Iэщым яхэтт зыхуей хуигъазэу. Хэбгъэзыхьмэ, абы фэбжь къыхихауэ щытащ: лIэным иджыри илъэситI иIэжу щIымахуэ щтырыгъум цIантхъуэри, яхыхьэжыфакъым.

Абы ипщэкIэ щыса и унэкъуэщ МацIыхъу Мыгъуэт нэхъыбэжкIэ, илъэси 108-кIэ, псэуащ. Абы и цIэм Шортэн Аскэрбий, КъардэнгъущI Зырамыку, нэгъуэщI щIэныгъэлIхэм я лэжьыгъэхэм уащрохьэлIэ тегъэщIапIэ ящIу. Апхуэдэ щапхъэхэм пысщэфынущ. Ари зы къуажэ закъуэм ехьэлIауэ...

ЦIыху ныбжьым ехьэлIа къэхутэныгъэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ йокIуэкI. Апхуэдэ лэжьыгъэр ди эрэм ипэкIэ псэуа урым тхакIуэ Плиний и деж 78 гъэм къыщежьауэ хуагъэфащэ. Апеннинхэмрэ По псымрэ я зэхуакум абы къыщигъуэтащ илъэси 100 зи ныбжьу цIыху 54-рэ, илъэси 110-м иту цIыху 14, илъэси 120-м нэсауэ цIыхуи 2, илъэси 130-м щхьэдэхауэ цIыхуи 4, илъэси 140-м ехьэехуэуи апхуэдиз.

ЦIыхухэр къыщыхатхыкIым къызэригъэлъэгъуамкIэ, епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм я ныбжьыр илъэси 100-м щIигъуауэ Пруссием цIыху 91-рэ, Германием 62-рэ щыпсэуащ. 1885 гъэм ирихьэлIэу псори зэхэту апхуэдэ цIыху мини 3-м нэс Европэм щыпсэуауэ тхыдэм къыджеIэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, иджы гъащIэ кIыхь зиIэу къалъытэр зы лIэщIыгъуэ е нэхъыбэ къэзыгъэщIахэрщ.

ЕджагъэшхуэхэмкIэ къызэрахутамкIэ, апхуэдэ ныбжьым нэсыф зи хабзэр зи къуэшыр е зи шыпхъур илъэс 90 нэхъ мыхъуми псэуахэрщ. НэгъуэщI къэхутэныгъэм къигъэлъэгъуащ гъащIэм и кIыхьагъым епхауэ е ижь щIихуу лIакъуэ (ген) зэмылIэужьыгъуэу 150-рэ зэрыщыIэр. Ахэр я щIэгъэкъуэну икIи процент 77-рэ и тэмэмагъыу къахутэфынущ дэтхэнэ цIыхуми дунейм тетыну къыхуиухар зыхуэдизыр.

Мис, тхылъхэмкIэ щIэгъэбыдауэ, гъащIэ кIыхьым и щапхъэ гъэщIэгъуэн зыбжанэ.

1905 гъэм доктор Мориц Энтон езым и тхылъым щытепсэлъыхьащ 1501 гъэм къалъхуу илъэси 169-кIэ псэуа шотланд Дженикс Генри. Дэфтэрхэм къазэрыхэщыжымкIэ, ар судым куэдрэ ираджэрт щыхьэту ягъэувын папщIэ. Зэгуэр абы кърагъэIуэтэжауэ щытащ илъэси 140-рэ ипэкIэ къэхъуа Iуэхур. Ар судым екIуэлIат зым илъэси 122-рэ, адрейм илъэси 103-рэ я ныбжь и къуитIыр и гъусэу. И лIэгъуэр къыщыблэгъами, Дженикс бдзэжьей ещэфырт.

Инджылызым щыщ Паро Томас и ныбжьыр илъэси 102-м иту и суд ящIауэ щытащ къуажэдэс цIыхубз ныбжьыщIэм хабзэншагъэкIэ зэрыкIэлъыкIуэм къыхэкIыу. Илъэси 120-рэ къигъэщIауэ Томас етIуанэу фыз къишэжащ икIи а тIум зэдагъуэта я къуэр илъэси 123-кIэ псэуащ. Паро псэухукIэ лэжьыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр игъэзэщIащ. Ар лIащ и ныбжьыр илъэси 152-м иту. Мыри гъэщIэгъуэнщ: иужь гъэхэм ар щыпсэуа Лондон, граф Гарвий и унэм, иIащ нэхъапэм зэи имылъэгъуа тыншыгъуэхэр. Зэпымыууэ и шхын къилэжьыжу къэгъуэгурыкIуа къуажэдэс лIыжьым ар езэгъакъым. Ауэ, арыншами, зэгуэр ар лIэн хуейтэкъэ?!

Пэжу, зи гъащIэр кIыхьхэр къыщалъхуа зэманыр къэпхутэну егъэлеяуэ гугъущ, мыбдежи къыщагъэсэбэпыр я Iыхьлыхэм, къегъэщIылIахэм жаIэхэрщ. Ауэ зи гугъу тщIа нэхъыжьыфIхэм сыт щыгъуи дэтхэнэ лъэпкъри ирогушхуэ. Псом хуэмыдэу абыхэм пщIэ щыхуащI ди лъахэ Кавказым.

Абхъазым щыщ Чоу къуажэм дэса Джобуа Михэ и ныбжьыр илъэси 125-м щынэсам шым шэсыфырт, и Iэпкълъэпкъыр зэкIужт, Iэнэм тхьэмадэу щысыфырт. И адэм илъэси 140-рэ, и анэм 101-рэ къагъэщIащ. Езыр илъэси 133-рэ хъууэ дунейм ехыжащ.

А щIыналъэм щыщ Кутло дэса фызыжь Ласурие Хисраф илъэси 138-рэ къигъэщIащ. Абы жиIэрт: «Дэ ди узыншагъэри, ди Iэпкълъэпкъым и жанагъри къызыхэкIар ди псэрщ. Ар нэфIэгуфIэу щытын хуейщ».

ГъащIэ кIыхь зиIэхэм гъэщIэгъуэнхэр щадэтлъагъу къохъу. Псалъэм и хьэтыркIэ, Гонго Франц (Венецие) и ныбжьыр илъэси 100-м щынэсам (езыр 115-кIэ псэуащ) и щхьэцыр фIыцIэ хъужат, илъэси 113-м дзэщIэхэр къыIукIат.

Дохутырхэм емышу къыджаIэ: «Куэдрэ упсэуну ухуеймэ, уи узыншагъэм кIэлъыплъ, зыхуэсакъыж, зыкIи иумыгъэлей». Ахэр захуэщ, ауэ гъащIэшхуэ къэзыгъэщIахэм яхэтщ гугъу ехьу икIи узыншагъэм къемызэгъхэр, зэран хуэхъухэр ящIэу къэгъуэгурыкIуахэри. Къапщтэмэ, 1788 гъэм Шотландием и Даркейт къалэм щыпсэуащ илъэси 133-рэ зи ныбжь цIыхухъур. Ар фIамыщI къыщыщIах шахтым зэпимыгъэууэ щылэжьат... илъэс 88-кIэ!

ГъащIэшхуэ зиIэхэр щыщыIэкIэ, дауи, уарихьэлIэнущ абыхэм ятекIуэжахэми. Мыбдеж я цIэ къыщиIуапхъэщ дунейм зэрытета илъэс 207-м пащтыхь 12 зэзыхъуэкIа инджылыз мэкъумэшыщIэ Карне Томасрэ илъэси 180-кIэ псэуа пакистан лIыжь Мухьэммэд Афзелрэ. Иужьрейм и адэм илъэс 200-м щIигъу къигъэщIауэ ягъэхъыбар.

Иджыри зы телъыджэ. США-м къыщыдэкI «Ланцет» газетыр 1878 гъэм тетхыхьауэ щытащ илъэси 180-рэ зи ныбжь метис Солис Ликеле (Колумбие). Дохутырыр абы ирихьэлIат жыг хадэм лажьэу иту. Мыр фIэщщIыгъуей дыдэщ: 1795 гъэм Эдо къалэм (иджы Токиощ) япон императорым иригъэблагъэри кIуащ илъэси 194-рэ зи ныбжь мэкъумэшыщIэ Мамопэ. Абы щIыгъут илъэси 173-рэ хъу и щхьэгъусэр, илъэси 153-м ит и къуэр, илъэси 145-нэр езыхуэкI и нысэр. Тыгъэшхуэ хуащIри, яутIыпщыжахэщ. Илъэс 48-рэ дэкIа иужь Мампэ аргуэру хэтащ лъэмыжыщIэ къызэрызэIуахым иращIэкIа гуфIэгъуэ Iуэхухэм. А зэманым абы и ныбжьыр илъэс 242-рэ ирикъуат.

ЖытIа псори щыхьэт зэрытехъуэщи, цIыхухэр пIалъэ кIыхькIэ псэуфынущ. Ар щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэкIынкIэ хъунущ.

КъулыкъущIэхэр ягъэхьэзыр

● Жэрдэм

ЩIалэгъуалэм я унэм иджыблагъэ лэжьэн щыщIидзащ «IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и школ» зыфIаща еджапIэм.

ЩIЫПIЭ самоуправленэм щылэжьэну гупыж зыщIхэм я бжыгъэр хэгъэхъуэныр зи къалэн нэхъыщхьэ, зи ныбжьыр илъэс 16-м къыщыщIэдзауэ 25-м нэсхэр, 10 - 11 классхэм щIэсхэр, студентхэр, щIыпIэ самоуправленэхэм щылажьэ щIалэгъуалэр зэкIуалIэ школыр щIэщыгъуэу ежьащ. Япэ дерсхэм къыщыщIэдзауэ абы екIуалIэхэм яфIэгъэщIэгъуэнщ къыжраIэхэмрэ зыхурагъаджэхэмрэ. Дауи апхуэмыдэнрэ?! Абы щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэтыну е зи зэфIэкIым щыхэзыгъэхъуэну хуейхэр, Iуэхум нэхъ дихьэххэращ къыхахар.

ЗэIущIэм хэта къэпщытакIуэхэм ящыщщ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Эльбрус» корпоратив университетым и унафэщIым и къуэдзэ Мякининэ Оксанэ. Ар ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ гупым хэту лэжьэным фIагъыу хэлъым, абы къыпэкIуэ ехъулIэныгъэхэм.

ЕджакIуэхэм ятхащ «Сэ нэхъыбэу сызыхуэIэрыхуэмрэ ахэр къэрал къулыкъущIапIэм къызэрыщысэбэпынумрэ» зи фIэщыгъэ эссе. Еджэн яуха иужь, щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтахэмрэ зи зэфIэкIым хэзыгъэхъуахэмрэ иджыри зы эссе ирагъэтхыну я мурадщ, езыхэм, апхуэдэуи я Iуэху еплъыкIэм захъуэжарэ замыхъуэжарэ къащIэн папщIэ.

КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэу щытащ школым щеджэхэр нэхъ гъунэгъуу зэрыцIыхуныр, гуп зэкъуэт зэрыгъэхъуныр. ГъэщIэгъуэну екIуэкIащ а Iыхьэр икIи, зэрызэрыцIыхуам къыдэкIуэу, гупуи лэжьэну Iэмал яIащ. Ар дяпэкIи къахуэсэбэпынущ еджакIуэхэм, сыту жыпIэмэ школым и лэжьыгъэ нэхъыщхьэр зытеухуар гуп зэдэууэ зэдэлэжьэнырщ.

«IэщIагъэлI ныбжьыщIэм и школым» екIуалIэхэм щIэныгъэ хъарзынэ зыIэрагъэхьэфынущ, IэщIагъэ къыхахам ахэр къазэрыщыхуэщхьэпэнуми шэч хэлъкъым. Нобэрей япэ зэIущIэм ипкъ иткIэ, дэ нэхъ гъунэгъуу дызэрыцIыхуащ икIи гупу дылэжьащ. Сигу ирихьащ зэрыцIыхуагъащIэ ныбжьыщIэхэр псынщIэу зэрызэгурыIуар. Ар, дауи, я фIыгъэщ школым къыщагъэсэбэп Iэмалхэр зэхэзылъхьахэм. Дызыщагъэгъуэза лэжьэкIэр, Iуэху зехьэкIэр си щхьэкIэ гурыхь сщыхъуащ», - къыджиIащ школым и еджакIуэхэм ящыщ Гамаевэ Элинэ.

Иджыри лекцэ-зэIущIэ зыбжанэ школым и деж щекIуэкIынущ, жьакIуэу псалъэу егъэсэным, езым я бренд къызэрызрагъэпэщыным, псэуныгъэм ехьэлIа Iуэху яубзыхуным, школым къыщащIэр къызэщIэкъуэжыным хухэхауэ.

Мы школыр сэбэпщ абы щеджэхэм щIыпIэ самоуправленэхэм ущылэжьэныр зищIысыр къащIэнымкIэ, апхуэдэуи зрагъэгъуэта IэщIагъэр нэгъуэщI IэнатIэхэми къащыхуэщхьэпэнущ. А грант Iуэхур зи гукъэкI Атмурзаевэ Iэминат и жэрдэмыр къыдеIыгъ ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Скадовск щIыналъэм

Херсон областым щыIэ Скадовск щIыналъэм и инфраструктурэр зэтегъэувэжыным ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и IэщIагъэлIхэм илъэс зыбжанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм мы гъэми пащэнущ.

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу, Михайловкэ жылэм фельдшер-акушер пунктыщIэ щаухуащ, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ куэд зэуэ щыхуащIэу Скадовск къалэм щыIэ IуэхущIапIэр зэрагъэпэщыжащ, псы къабзэ зэрыкIуэ бжьамийр Щхьэхуитыныгъэм и цIэр зезыхьэ уэрамым щызэрахъуэкIащ. Курыт еджапIэ, сабий сад куэд зэрагъэпэщыжащ, спорт утыкухэр, сабийхэр джэгупIэхэр зыхуей хуагъэзащ.

Апхуэдэуи псапащIэ Iуэхум хыхьэу ерыскъырэ хьэпшып зэхуэмыдэхэмрэ щIэмычэу а щIыналъэм хурагъашэ, республикэм и IэщIагъэлIхэр а щIыпIэм и IэнатIэ куэдым щолажьэ икIи ядоIэпыкъу. Абыхэм яхэтщ дохутырхэри, ухуакIуэхэри, къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэхэм пэщIэтхэри, нэгъуэщIхэри икIи, зэрыжаIэу, лэжьыгъэхэр зы дакъикъэ къызэтрагъэувыIэркъым.

ЖыпIэнурамэ, Скадовск и сымаджэщ нэхъыщхьэм щыIащ ди щIыналъэм и анестезиолог-реаниматолог гуп икIи дохутырхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуащ. Апхуэдэу, мазипщIым щIигъуауэ абы щолажьэ цIыхухэм я унэхэм хуабэ езышалIэ IэщIагъэлIхэр.

А псом къадэкIуэу Тарасовкэ къуажэм дэт сабий садыр зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэм я етIуанэ Iыхьэр иджыпсту ирагъэкIуэкI. Мы гъэм Приморскэ жылэм и «Дыщэ бдзэжьей цIыкIу», Таврийскэм и «Унэ цIыкIу», Краснянскэм и «Таурыхъ цIыкIухэр» сабий садхэр зыхуей хуагъэзэнущ, Железный Порт къуажэм псы къэгъэсэбэпар Iузыш и кIэнауэр щызэрахъуэкIынущ.

Скадовск щIыналъэм исхэм я псэупIэхэр хуабэкIэ зэпымыууэ къызэгъэпэщыныр я нэIэ щIэтщ абы щыIэ ди лэжьакIуэ гупым: цIыхухэм я тыншыпIэр къызэрагъэпэщ, сыт хуэдэ къызэрымыкIуэ къэхъукъащIэри и чэзум ягъэзэкIуэж.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.



Нэхъри зэщхьэщокI

Дэ десэжащ Iуэхум и щытыкIэ дыдэмрэ статистикэмрэ куэдрэ зэрызэщхьэщыкIым. АрщхьэкIэ уэрам хъыбархэмрэ хуэгъэфэщэныгъэхэмрэ къыумыгъэсэбэпынумэ, нэгъуэщI хэкIыпIэ щыIэкъым пэжыр къэрипщIэну. Бжыгъэхэм сакъыу бгъэдыхьэн хуей къудейщ.

2024 ГЪЭМ кърикIуахэм япкъ иткIэ Росстатым дэ къыджиIащ цIыхухэм яку дэлъ зэхуэмыдэныгъэр нэхъ ин зэрыхъуар. Абы къыдэкIуэу ди къэралым зыщиIэтащ фондхэм я коэффициент» жыхуаIэми - нэхъ къулей дыдэхэм я проценти 10-мрэ къулейсызхэм я проценти 10-мрэ я зэщхьэкIыныгъэр къэзыгъэлъагъуэр. АтIэ, мис: иджы абыхэм я хэхъуэхэр хуэдэ 15,1-кIэ зэщхьэщокI. Абы къокI мыбдежым щытыкIэр санкцэхэр къыдащIылIэн ипэкIэ 2021 гъэм щыIам техьэжауэ.

Зэхуэмыдэныгъэр зыхуэдизыр къахутэн папщIэ социологиемрэ экономикэмрэ къыщагъэсэбэп Джини и коэффициентыр нэхъ иныхукIэ зэхуэмыдэныгъэри нэхъ инщ. Статистикэм къызэрыджиIэмкIэ, нэгъабэ ар процент 40,8-м нэсащ 2023 гъэм зэрыхъуу щыта процент 40,3-м икIри.

Сыт ар къызыхэкIыр? Щхьэусыгъуэхэр къызэрыгуэкIщ икIи зэи зызымыхъуэжщ. Абы щыгъуазэщ IэщIагъэлIхэр.

Япэрауэ, цIыху куэдыIуэ щолажьэ улахуэхэр щыцIыкIу IэнатIэхэм (ЖКХ, промышленность, мэкъумэш хозяйствэ) е бюджетым «тесщ». Ахэр куэдкIэ къэрал дэIэпыкъуныгъэм елъытащ икIи экономикэ гугъуехьхэр къыщыкъуэкIхэм деж а дэIэпыкъуныгъэм кIэроху, езыхэми инфляцэр къажьэхэуэ зэпытщ. Пэжщ, къэралым улахуэр къеIэт, ауэ нэгъабэрей инфляцэр зыхуэдизам тещIыхьауэ аращи, абы лъэщIыхьэркъым. Абы щыгъуэми, зи Iуэху зэпэщ компаниехэм езыхэм зэрафIэкъабылым тету икIи щыхуейм деж улахуэхэр къаIэт.

АрщхьэкIэ, зэ еплъыгъуэкIэ, дыщIэгуэзэвэн щыIэ хуэдэкъым. Зи гугъу тщIа коэффициентыр куэдкIэ дэкIуеякъым - процент 0,5-рэ къудейкIэщ. Хэбгъэзыхьмэ, 2024 гъэм Iуэхухэр нэхъыфIащ. Урысейм ику иту улахуэхэр процент 17-кIэ щыдэкIуеящ, цIыхухэм ипэжыпIэкIэ яIэрыхьэ хэхъуэхэм проценти 9,1-кIэ зыщаIэтащ (2023 гъэм зэрыхъуар проценти 7,8-рэ.

Зэхуэмыдэныгъэр нэхъ ин ящIауэ къыщIэкIынущ мы щхьэусыгъуэхэми: 2024 гъэм куэдыр ирипсэуащ илъэсым и пэщIэдзэм хуащI индексацэм, нэгъуэщI яIэрыхьэ хэхъуэхэми хуэдэу. Абы щыгъуэми, хэт и дежкIи щэхукъым инфляцэр гъэр иухыху зэрымыувыIэр! Абы щIыгъуж УФ-м пенсионерхэр зэрыщымымащIэр.

ГурыIуэгъуэщ цIыхухэм псэуныгъэкIэ яку дэлъ зэхуэмыдэныгъэр зэрыпхуэмыгъэкIуэдынур. Ауэ Урысейм и властхэм къаруушхуэ ирахьэлIэ а зэщхьэщыкIыныгъэр яыгъэмэщIэным. УФ-м и Президент Путин Владимир 2024 гъэм и накъыгъэм (инаугурацэм и ужькIэ) къыдигъэкIа Указым къалэну щыгъэуващ Джини и коэффициентыр 2030 гъэр къэсыху процент 37-м, 2036 гъэм - проценти 33-м, нэсыху ираудыхын хуейуэ. Къэралым и Iэтащхьэм къыхигъэбелджылакIащ зэхуэмыдэныгъэр «ткIиягъыр къэзышэ, политикэ зэпIэзэрытыныгъэр къызэпызыуд» нэджэIуджэу иджырей дунейм зэрыщыщытыр.

Абы шэч хэлъкъым. Къэгъуэтыгъуейщ абы нэхърэ нэхъ Iейуэ цIыхухэм я мыарэзыныгъэ къэзышэ. Псом хуэмыдэу абы щыхэхъуэм деж. Ар икIи шынагъуэщ экономикэм и дежкIи. Мылъкушхуэ зыбгъэдэлъхэм зыри халэжьыхьыркъым къэралым и зыужьыныгъэм. Абыхэм я плъапIэр налкъутхэрщ, дыщэхэкIхэрщ, хьэпшып лъапIэхэрщ. Ахэр экономикэм и IэнатIэхэм ящыщкъым. Абы щыгъуэми къулей дыдэхэм я мылъкум щыщ Iыхьэ сыт щыгъуи хамэ щIыналъэхэм къыщохутэ.

IэщIагъэлIхэр щогугъ 2025 гъэм инфляцэр нэхъ къыжьэдэкъуа хъуным. Абы апхуэдэуи къызэтригъэувыIэн хуейщ псэукIэкIэ яку дэлъ зэщхьэщыкIыныгъэм зиIэтынри.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

● Гъуазджэ

Зэшыпхъухэм я зэфIэкIыр

Республикэм и ЩIалэгъуалэ центрым щагъэлъагъуэ «Корни и крылья» выставкэр. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэм.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хагъэхьащ Ету зэшыпхъухэу Илонэрэ Элинэрэ я лэжьыгъэ 30-м щIигъу. Сурэтхэм къыщыгъэлэгъуа теплъэгъуэхэм блэкIамрэ нобэмрэ зэпащIэ.

КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министрым и къуэдзэ Ахъмэт Артур Ету зэшыпхъухэм дяпэкIи щIыналъэм исхэр я IэдакъэщIэкIхэмкIэ ягъэгуфIэну ехъуэхъуащ. Абы къыхигъэщащ зэшыпхъухэм я сурэтхэмкIэ я зэфIэкIыр, я лъэпкъым и тхыдэр къызэрагъэлъагъуэм къыдэкIуэу, щIэблэм щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щаIэ ехъулIэныгъэхэм зрагъэужьынымкIэ щапхъэ зэрахуэхъур.

- Зэшыпхъухэм фи Iуэхур фIы дыдэу къывохъулIэ. Фи лэжьыгъэхэр щыплъагъукIэ, лъэпкъ щэнхабзэмрэ хабзэмрэ нэхъри уримыгушхуэнкIэ Iэмал иIэкъым! Гъуазджэм и IэмалхэмкIэ фи гурыгъу-гурыщIэхэр къызэрывгъэлъэгъуэфыр уасэншэщ! Ар зэфIэкI фызэриIэм и щыхьэтщ. ЩIалэгъуалэми нэхъыжьыIуэхэми яфIэгъэщIэгъуэнщ фи лэжьыгъэхэри, дяпэкIи ехъулIэныгъэхэр фиIэну сынывохъуэхъу! - жиIащ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ.

Ету Элинэ жиIащ хуабагъ зыщIэлъ я сурэтхэмкIэ щыIэкIэ-псэукIэм епха Iуэху зэIумыбзхэм гу лърагъэтэну, блэкIа зэманым щыIа лъапIэныгъэхэм, нэхъапэм цIыхугъэ нэхъ яхэлъу, зыр адрейм дэIэпыкъуу, жьы хъуахэм пщIэрэ гулъытэрэ хуащIу зэрыщытам кърагъэгъэзэжыну зэрыщыгугъыр.

Ету зэшыпхъухэм Налшык и Художественнэ школыр къаухауэ КъБКъУ-м ДизайнымкIэ и колледжым щоджэ. Ахэр зэпеуэ, гъэлъэгъуэныгъэ куэдым я лауреатщ. Нэгъабэ я лэжьыгъэхэр япэу щагъэлъэгъуащ «Сердце Кавказа» выставкэм. Илонэрэ Элинэрэ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэм фIыщIэ хуащIащ гъэлъэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщынымкIэ къазэрыдэIэпыкъуам папщIэ.

Зэшыпхъухэм я IэрыкIхэм феплъыфынущ гъатхэпэм и кIэ пщIондэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● ЩIэ

«Уэсрэ Нэсрэ» аудио тхылъыр

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и унэм зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ тхакIуэ, драматург, «Гарянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ зэхишауэ. Ар теухуат абы и Iэдакъэ къыщIэкIа «Уэсрэ Нэсрэ» аудио тхыгъэм. Фентези жыпхъэм иту гъэпса IэдакъэщIэкIыр «Нартархэр» зыфIища роман-трилогием и япэ тхылъщ. ЗанщIэу къыхэдгъэщынщи, мыр тхылъымпIэм тету дунейм къытехьакъым.

ЗЭIУЩIЭР къызэIуихащ езы Заринэ. «Къэбэрдей-Балъкъэр» урысей радио (101.8 FM), КъБР-м и радио (99.5 FM) – IуэхущIапIитIми и IэдакъэщIэкI зырыз щригъэтхыну Iэмал къызэрыратам папщIэ абы и унафэщIхэм, и лэжьакIуэ ныбжьэгъухэм, и Iуэху псори къыдэзыIыгъ журналистхэм фIыщIэ яхуищIри, ар къытеувыIащ романым и зэхэлъыкIэм, абы еджахэм ар зэралъигъэIэса, соцсетым и напэкIуэцIхэр къигъэсэбэпу и гуащIэм дихьэххэр зэрыригъэджа, я Iуэху еплъыкIэхэр къиищIэну Iэмал зэрызригъэгъуэта щIыкIэм.

- Адыгэбзэм и махуэм ирихьэлIэу, литературэр, бзэр зыфIэфIу хъуам папщIэ, утыку къисхьэну мурад сщIащ си етIуанэ аудио тхылъыр. Ар Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и урыс къудамэм и редактор нэхъыщхьэ Теувэжыкъуэ Мариannэ и фIыгъэкIэ, и дэIэпыкъуныгъэкIэ гъэхьэзыра хъуащ. Тхылъым и теплъэу щытынур, дауи, гъэщIэгъуэнщ. Ар хьэзырщ, сурэткIэ зыгъэщIэрэщIар дэрбзэр-сурэтыщI Iэзэ Сэралъп Мадинэщ. Iыхьэ пщыкIузу зэхэтщ, дэтхэнэри къыщыщIидзэ напэкIуэцIым пычыгъуэм зи гугъу щыщIар наIуэу уи нэгу къыщIигъэхьэу сурэт гъэщIэгъуэн итщ. Редактору къыздэлажьэр педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и унафэщI ХьэцIыкIу Раещ. Си насып кърихьэкIри, напэкIуэцIищэм нэблагъэ лэжьыгъэм Рае корректоруи къеджэжауэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Гъут Iэдэм IэщIэслъхьати, и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс къеджащ, чэнджэщ куэди къызихьэлIащ, фIыгъуэр къыхуищIэ.

«Нартархэр» зытеухуар нартхэракъым, ауэ нарт хъыбархэм я деж къыщежьауэ, и бзэр, и къэIуэтэкIэр сигу илъу, абы хуабжьу сыдихьэхыу згъэхьэзыра тхыгъэщ. Псысэ щIыкIэу зэхэлъу аращ, нэхъ пэжу жыпIэмэ фентезищ. Сытри ди нэгу къыщIыдогъэхьэ, пэжкъэ? Нартхэр щыIауэ хьэкъыу ди фIэщ мэхъу. Ди лъэпкъым япэ ита ахэр дэнэ кIуа?! Сэ си нэгу къыщIыхьащ нартхэмрэ адыгэхэмрэ дэрэ ди зэхуаку лъэпкъ дэтауэ – ар нартархэращ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр» урысей радиовещанэм и унафэщI, ди республикэм щIыхь зиIэ и журналист Мэремкъул Ларисэ кIэщIу къытеувыIащ зи пашэ IуэхущIапIэм сыхьэт пщыкIуз хъууэ щрагъэтха, Заринэ «Iуащхьэмахуэ, Махуэгъэпс» зыфIища и романым. Иджырейми гуапэу и гугъу имыщIу къигъэнакъым. «Аудио тхылъым езы Къаныкъуэ Заринэ къызэреджэжри хъарзынэщ. Си щхьэкIэ сыкъапщтэмэ, ар усэ ирехъу, прозэуи щрет, артист къыщеджэм хуэдэкъым. Зыми и жагъуэ сщIыну сыхуейкъым, ауэ тхакIуэр и IэдакъэщIэкIым къызэреджэм зы артисти щIэрыхьэнукъым, сыту жыпIэмэ игури и псэри хэлъу зэритхам ещхьыркъабзэу икIи къоджэ», - жиIащ Ларисэ.

- Романми роман хъуну дызыщыгугъ таурыхъми седэIуащи, гъэщIэгъуэныщэщ. ЦIыху къэс ди тхылъ еджэкIэр зэщхькъым, сэ сыкъеджэжурэ къыстехьэлъэмэ, сокIуэ, си Iуэху сощIэ, итIанэ пызощэж. «Нартархэм» щыщ «Уэсрэ Нэсрэ» апхуэдэу сыкъиутыпщакъым, - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ къудамэм и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист Тэтрокъуэ Астемыр. – Сюжетыр апхуэдизкIэ щIэщыгъуэщ, псы къиуам хуэдэу узэщIищтэу гъэпсащи, къыкIэлъыкIуэнум ухуэпIащIэу и кIэм нэскIэ укъоджэ. Гулъытэ лей хуэсщIыну сыхуейщ уи бзэм, ар дахэ дыдэщ, нарт къэIуэтэкIэм и гъунэгъущ. Адрей таурыхъхэм я сюжетыр щыIауэ таурыхъ тращIыкIамэ, мыр и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс тхакIуэм къигупсыса (и фантазие) таурыхъщ. Куэдым ухуэзыгъэуш, куэд уигу къэзыгъэкI, узыщIэзыгъэгупсысыж, таурыхъ куэдым я уасэ тхыгъэщ мыр, уи Хэкур, уи лъэпкъыр, уи унагъуэр фIыуэ плъагъуным укъыхуриджэу. Сабийхэм я закъуэкъым, уеблэмэ балигъхэм нэхъыбэу яхуэгъэзауэ пIэрэ жыпIэу апхуэдэщ тхыгъэр. Гупсысэшхуэ щIэлъщ, ди гъащIэм, ди псэукIэм, тфIэкIуэдам, нэгъуэщIхэми ехьэлIауэ. Тхьэм уригъэфIакIуэ, Заринэ! Сэ мы тхыгъэр фильму слъагъуну сыхуейщ!

Тхыгъэр зытеухуар жытIэжынкъым, еджэну хуейхэм Iэмал къагъуэтыфыну зэрыщытым къыхэкIыу. Ауэ Заринэ тхылъым хуищIа пэублэ псалъэм фыщызгъэгъуэзэнут.

«Пасэм и пасэжым я хэку исыжрэ хабзэжьхэм тету нартхэр псэуащ. Нарт хэкур здэщыIэр щIы хъурейм и щIылъэныкъуэу Iуащхьэмахуэ и щыгуитIыр къызытещрат. Нартхэр лъэпкъыжьт. ДунеижьыР хъыкIэ щаухуэм къежьарэ лIыгъэрэ Iущыгъэкiэ къекIуэкIауэ. Нартхэр щыкIуэдыжым, нартаркIэ зэджэ лъэпкъыр къытепщIыкIащ. Пасэу къэхъуар яIуэтэху ягъэбатэурэ, псысэ мэхъуж. Псысэми щымыщу, тхыдэми щымыбэяну, къэпIуэтэну игъуэу нартархэм я къэхъукIащыIэкIар мэпсри, псалъэкIэ къоIу, къызэрокI, бзэм къозагъэ, тхыбзэм зыхегъэзагъэ. Ауэрэ мы тхыгъэр, нэхъыжьи нэхъыщIи еджэнкIэ хуэкIуэу, зэхэлъхьа мэхъу. Къэхъуами къэмыхъуами я щыхьэту, Iуащхьэжьхэр хэмыгъуэщэжауэ иджыри щыIэщ, я цIэр мы тхылъым къыхощ, къэвгъуэти фахудэплъей, я щыгу фыдэкIи фыкъеплъыхь, нартархэм я лъэужь фиплъэнри яжь къыфхущIихунри хэлъщ».

ЗэIущIэм кърихьэлIа журналистхэу КIэрэф Вячеслав, Щоджэн Лаурэ, Щэрдан Лилианэ, Жыгуэ Иннэ сымэ я Iуэху еплъыкIэ къагъэлъэгъуащ. Гулъытэ хуащIащ тхыгъэм и бзэм, абы щIэлъ гупсысэм, зи гугъу щыщIам къарит гукъэкIхэр зэмылIэужьыгъуэти, абыхэм ущIэдэIунуи гъэщIэгъуэнт.

ИСТЭПАН Залинэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Адыгэбзэр фIыуэ зылъагъу цIыкIухэр

Адыгэ тхыбзэм и махуэм и щIыхькIэ «Адыгэ цIыкIу» сабий зегъэужьыпIэм и гъэсэнхэр ирагъэблэгъащ Кэнжэ къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм. ЦIыкIухэм папщIэ къызэрагъэпэщащ усэкIэ, макъамэкIэ, джэгукIэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ зэхэухуэна пшыхь щIэщыгъуэ.

- Адыгэ цIыкIухэ, дауи, анэдэлъхубзэр фIыуэ фолъагъу икIи лъэщу зэвгъэщIэну, вгъэшэрыуэну фыхуейщ. Сэ сощIэ абы хуабжьу фызэрегугъур, фи хъыбарыфIхэр зэхызох, - жиIащ ЩэнхабзэмкIэ унэм и лэжьакIуэ Къуэныкъуей Залинэ, Iуэху дахэр къыщызэIуихым.

Сабийхэр къеджащ «Адыгэ цIыкIум» и дерсхэм щызрагъэщIа усэхэм. Ахэр теухуат анэдэлъхубзэм, Хэкум, адэшхуэ-анэшхуэм, адэ-анэм, псэущхьэхэм, къэкIыгъэхэм, щIыуэпсым. Сабий зегъэужьыпIэм и гъэсэн нэхъыжьхэр зэпеуащ акъылыр зыгъэжан джэгукIэхэмкIэ. Нэхъ цIыкIухэр икъукIэ дихьэхащ «пыIэ къуэдзэ» джэгукIэм.

- «Адыгэ цIыкIум» и гъэсэнхэр усэ къеджэну утыкум нобэ япэу къихьэу аращ. Щхьэусыгъуэ тхуэхъуари IуэхуфIщ – адыгэбзэм и тхыбзэр догъэлъапIэ. Гулъытэ къытхуэзыщIу дыкъезыгъэблэгъахэм фIыщIэ фхузощI. Iэмал зэриIэкIэ зэрыдгъэгушхуэным иужь дитщ сабийхэр, дыхуейщ мыпхуэдэ утыкуми есэну. Мис мы утыкур щIэдзапIэ тхурехъу! - жиIащ адыгэбзэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ зегъэужьынымкIэ «Адыгэ цIыкIу» IуэхущIапIэм и унафэщI Къармэ Iэсият. Абы усэ къеджахэм яритащ щIыхь тхылъхэр.

Сабийхэм къыхузэрагъэпэща пшыхьыр адыгэ джэгукIэ зэхуащIыжащ.

Тхыгъэри сурэтри **НАФIЭДЗ Данэ** *ейщ.*

● Футбол

«Ангушт»-р иджы хагъащIэ

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» мэрем кIуам зи чэзу зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм щригъэкIуэкIащ.

НАЛШЫКДЭСХЭМ аргуэру хьэрхуэрэгъу къыхуэхъуат ди гъунэгъу республикэм къикIа «Ангушт»-р. Мы гъэм ар абыхэм я етIуанэ зэпэщIэтыныгъэщ. Япэр зэрытемыгъэкIуауэ, 2:2-уэ, иухат.

Мыгувэу щIэзыдзэну зэхьэзэхуэм зэрыхуэхьэзырыр къэзыпщытэ гупитIым я зэIущIэм зыр адрейм хуэсакъыпэурэ ирагъэжьащ, фэбжь я футболистхэм ирамыгъэгъуэтын папщIэ. Апхуэдэу щыт пэтми, мыхьэнэ пыухыкIа иIэт текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэныр, зэпеуэм нэхъ гукъыдэж хуаIэу ирихьэлIэн хуэдэу.

Джэгур «Спартак-Налшыкым» и тепщэныгъэкIэ екIуэкIащ. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм Шэрджэс Iэдэм гъуащхьэхъумэхэм я щыуагъэр къигъэсэбэпу хьэщIэхэм яхудигъэкIа топ закъуэр ирикъуащ ди щIалэхэм текIуэныгъэр зыIэрагъэхьэн папщIэ.

Загъэпсэхуауэ къыщихьэжым лъэныкъуэхэм футболист зыбжанэ яхъуэжащ, арщхьэкIэ бжыгъэр зэрыщыту къэнащ. Джэгур 1:0-у иухащ. Налшыкдэсхэм я щIыхьыр а махуэм яхъумащ Къумыкъум, Каркаевым, КIэдыкIуейм, Пириевым, Чичбэ, Хизриевым, Джыназым, Къардэным, Сэбаншым, Блийм, Гъуэгузокъуэм, ХьэцIыкIум, Хьэшырым, Мэшыкъуэм, Лысенкэ, Шэрджэсым, Мызаушым.

Хьэлэмэтращи, иджыпсту екIуэкI зыгъэсэныгъэхэр зэрыщIадзэрэ «Спартак-Налшыкым» зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэм зыри къыщыпэлъэщакъым. НэхъапэIуэкIэ бжыгъэ зэщхькIэ, 3:1-уэ, абы хигъэщIащ Хасавюрт и «Победа»-мрэ «Ставрополь-Агросоюз»-мрэ. Нэзрэн и «Ангушт»-мрэ Белгород и «Салют»-мрэ зэрытемыгъэкIуауэ ябгъэдэкIыжащ. Апхуэдэурэ зэхьэзэхуэми зыкъыщигъэлъэгъуамэ, хъарзынэ дыдэт.

Зэпеуэм и пэ къихуэу хъыбарыфI къэIуащ. «Спартак-Налшык» футбол клубымрэ «BetBoom» букмекер компаниемрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал бюджетым къищынэмыщIауэ иджы ди командэм иIэнущ мылъкукIэ зыкъыщIэзыгъэкъуэн. Дыщыгугъынщ абы фIы къыпэкIуэну.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм щэбэт къакIуэ щIидзэнущ. Ди щIалэхэм ар къыщызэIуахыну Ставрополь къалэм ежьэн ипэкIэ «Спартак-Налшыкым» и унафэщIхэмрэ абы щыджэгухэмрэ къадэщIхэм дыгъуэпшыхь «Спартак» стадионым щаIущIащ. Ар зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

Дзыхь яхуэпщIмэ...

Илъэс 30 зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу цIыхубзым зыхуигъэзащ Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм.

АБЫ зэрыжиIамкIэ, мессенджерхэм я зым къыщигъуэтат сатум пыщIауэ ахъшэ къызэрыблэжьыфынум теухуа хъыбар. ЗыкъыпызыщIа имыцIыхум хъыджэбзыр тригъэгушхуащ сом 138 760-рэ банк карти 5-м игъэкIуэну. АдэкIэ ар къыхуэтхэжакъым.

Къэхъуам теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Полицэм фигу къегъэкIыж:

ПсынщIэу икIи тыншу мылъку къэлэжьыным тегушхуэм и ахъшэр фIэкIуэдынкIэ мэхъу. IуэхущIапIэ тэмэмхэм лэжьакIуэхэр къащтэркъым мессенджерхэм щызэхуэтхэкIэрэ.

Улахуэм ехьэлIауэ фыдэзыхьэх апхуэдэ хъыбархэм фрихьэлIэмэ, зыщывмыгъэгъупщэ фи ахъшэхэр ффIэкIуэдынкIэ зэрыхъунур.

Жэуапым ирашалIэ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 51-рэ зи ныбжьым.

ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, махуитI ипэкIэ абы имыцIыхур и машинэм кърагъэтIысхьащ ар здишэжыну. Гъуэгум здытетым къэувыIэри, ар тыкуэным щIыхьащ, машинэм и IункIыбзэIухыр зэрыщIагъанэм кърииэри. Мыдрейр шоферым и пIэм итIысхьэри ежьэжащ.

Налшык къалэ УМВД-м и ОП №1-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм ар хэтми яубзыхуащ. Ар нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 45-рэ зи ныбжь Шэджэм къалэдэсырщ.

КъызэрыщIагъэщамкIэ, «Газ 3102»-р ирихужьа нэужь етIуанэ махуэм абы Бахъсэн районым гъуэгу-транспорт къэхъукъащIэ щилэжьащ, икIи машинэм ныкъусаныгъэ игъуэтати, аварие къыщыхъуам деж къыщинащ. Абы иужькIэ шэджэмдэсыр республикэм икIащ.

А зэман дыдэм Шэджэм район судым щIэлът а цIыхухъум ехьэлIа уголовнэ Iуэху, 2024 гъэм и мэлыжьыхьым Щхьэлыкъуэ къуажэм дэт, фэтэр куэду зэхэт унэм и щIыхьэпIэм деж лъакъуэрыгъажэ къызэрыщидыгъуам папщIэ. Ар судыр щащIэм зэремыкIуэлIам къыхэкIыу къэралым къыщалъыхъуэн щIадзащ.

Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыурэ хабзэхъумэхэм яубзыхуащ шэч зыхуащIыр здэщыIэр.

УФ-м и УК-м и 166-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ цIыхухъум теухуа уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Республикэм щищэнут

Полицейхэр къызэрилъагъуу щIалэщIэр щтэIэщтаблэ зэрыхъуам Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм и плъыр-пост къулыкъум и лэжьакIуэхэм къалэныр ирахьэкIыу, щыхьэрым и Стеблинскэ уэрамым гу щылъатащ

Илъэс 29-рэ зи ныбжь, Май къалэм щыпсэум и тхылъхэр, езыр къыщапщытэм къыкъуахащ хьэжыгъэм ещхь пкъыгъуэ хужь зэрылъ зэкIуэцIышыхьауэ 5. Яубыдам зэрыжиIамкIэ, къытрахар наркотикхэкIщ. Ар Владикавказ щэху гъэтIылъыпIэм къыщищтащ, адэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щригъэкIыну.

Экспертхэм къызэралъытамкIэ, къытрахар грамми 9,57-рэ хъу «N-метилэфедрон» наркотикщ.

Налшык къалэ полицэм и къудамэ №1-м следствиемкIэ и IэнатIэм шэч зыхуащIым теухуа уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 158-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «в» пунктым, 228.1 статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым япкъ иткIэ.

БАХЪСЭН Азэмэт.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинымм и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.456
Заказыр № 574
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, корректорхэу ПхытIыкI Марие *(1, 3-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.